# lu doom i jullit ñi waruta réeré.



ما لا يسع أطفال المسلمين جهله -ولوف

بيان الإسلام
Bayan AL-Islam

ح جمعية خدمة المحتوى الإسلامي باللغات ، ١٤٤٥ هـ

الغانم ، يزن

ما لا يسع ا؟طفال المسلمين جهله - ولوف. / يزن الغانم - ط.١ -.

الرياض ، ١٤٤٥هـ

١١٥ ص ؛ ١٤ × ٢١ سم

ردمك: ٩٧٨-٦٠٣-٨٤١٢-٦٥-٧

١٤١٥٥ / ١٤٤٥

## Partners in Implementation

Content Association

Rowad Translation

Rabwah Association

Byenah

This publication may be printed and disseminated by any means provided that the source is mentioned and no change is made to the text.

Tel : +966 50 244 7000

info@islamiccontent.org

Riyadh 13245-2836

www.islamiccontent.org

**lu doom i jullit ñi waruta réeré.**

Ci turu Yàlla miy Aji-Yëram kepp ku nekk ci kaw suuf jagleel ko jullit ñi ca allaaxira ci laay tàmbalee.

## Laytaay gi

Ci turu Yàlla laay tambalee tay sant Yàlla gannaaw loolu:

lii ay masala la yoo xam ne doomi jullit ñi waru ñu koo réeré ci diiney Yàlla mu kawe mi,kon war na ci way-jur yi ñu jàngal ko xale yi ci ba ñiy nekk ndaw.

muy aw doxaliin wu gàtt te yomb,te làmboo masalay pas-pas ak fiq, ak jaar-jaari yonent bi, ak lu jëm ci ay teggiin,ak firim Alquraan ak adiis, ak ay jikko ak i ñaan,muy lu baax ci ndaw ñi ak bépp maas ak nu ay atam mana toll, baax na ci tuubéen yi tamit manaam ñiy door a dugg ci lislaam,muy lees man a jàngale ci kër yi ak daara yi,  muy lu neex a mokkal ta yomb a leeral; dama koo toftale kem fànni xam-xam yi, def ko it ci anamug laaj ak tontu ndax loolu moo gën ci  nàmm xel yi, te mooy li gën a dëgër cig mokkal, yarkat bi mooy tànn li gën a méngoo ak ati Aji-jàng  ji.

may ñaan Yàlla mu def ci njariñ te nangul ma ko.

Cëslaayu lii mooy wax i sunu Boroom mu kawe ma:

﴿يَـٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ قُوٓاْ أَنفُسَكُمۡ وَأَهۡلِيكُمۡ نَارٗا وَقُودُهَا ٱلنَّاسُ وَٱلۡحِجَارَةُ عَلَيۡهَا مَلَـٰٓئِكَةٌ غِلَاظٞ شِدَادٞ لَّا يَعۡصُونَ ٱللَّهَ مَآ أَمَرَهُمۡ وَيَفۡعَلُونَ مَا يُؤۡمَرُونَ ٦﴾ [التحريم: ٦]

{yéen ñi gëm Yàlla na geen fegal seen bopp ak seenug njaboot safara sa nga xam ne ay nit ak i doj lees koy xambe ta ay malaaka yu bari doole te dégg ndigal ñoo fa nekk.} [saaru at tahriim laaya juroom mbenn]

ak adiisu Abdul Laahi doomi àbbaas yal na leen Yàlla gërëm neena: benn bis da maa nekkoon ci gannaaw yonente bi yal na ko yàlla dolli xéewal ta musal ko muni ma:Yaw ngóor si di naa la

xamal ay waat: wattul Yàlla ci jëfe ay ndigëlam bayyi ay tereem kon di na la sàmm, Nanga bàyyi xel Yàlla kon  mu féete la fépp, booy ñaan ñaanal Yàlla, booy sàkku ndimbël na nga dimbandikoo Yàlla, te nga xam ni bu ñëpp dajewoon ngir jariñ la ci dara duñu ko man lu dul lu Yàlla dogal ci yaw ba noppi, bu ñépp dajewoon it ngir lor la ci dara duñu ko man ludul lu Yàlla dogal ci yaw ba noppI, ndax Yàlla noppi na ci léppu ba teggi na ay  Bindukaayam.Attirmiziyu ak Ahmad ñoo ko soloo.

bokk na ci am solog jàngal ndaw ñi:

war na ci nit kune mu xamal ndaw ñi lépp lu ñu yittewoo ci seen mbiri diine, ndax ñu man a doon ay nit ñu mat sëkk ànd ak tënku ci njàngleem lislaam tay wéetel Yàlla ci lu wér.

imaam ibnu abii zayd Alqayrawaanii yal na ko Yàlla yërëm neena:

"ñëw na ci hadiis na ñu digal xale yi julli bu ñu amee juróom-ñaari at, ñu duma leen ngir ñu julli bu ñu amee fukki at, te ñu xàjjale leen ci kaw lal yi, na ka noonu jaadu na ñu xamal leen li Yàlla farataal ci bépp jaam moo xam ay wax la walla ay jëf balaa ñuy mat mukallaf ndax mu dëgar fi ñoom te seen i cër tàmm ko".xoolal laytaayub téereb ibnu abii zaydin Alqayrawaanii ci xëtu juróomeel

*******

## kan mooy sa Boroom?

Yallà mi ma sàkk  sàkk mbooleem bindeef yi di leen taxawu ci gépp anam mooy sama Boroom.

tektal bi mooy waxi Yàlla mu kawe mi:

﴿ٱلۡحَمۡدُ لِلَّهِ رَبِّ ٱلۡعَٰلَمِينَ ۝٢﴾ [الفاتحة: ٢]

{cant ñeel na Yàlla miy Boroom mbindeef yi} [suuratul fatiha 2]

## lan mooy sa diine?

diiney lislaam mooy sama diine,te lislaam mooy nga jébbalul Yàlla ci wéetal ko ak wommatu ci diko topp ci ay santaaneem te set wecci ci bokkaale ak ñi koy def.

Yàlla mu kawe mi neena:

﴿إِنَّ ٱلدِّينَ عِندَ ٱللَّهِ ٱلۡإِسۡلَٰمُۗ ...۝١٩﴾ [آل عمران: ١٩]

{diine fa Yàlla mooy lislaam} [suuratu aali himraan 19]

## kan mooy sab yonent ?

Muhammat mooy sama yonent Yàlla na Yàlla julli te sëlmal ci moom.

Yàlla mu kawe mi neena:

﴿مُّحَمَّدٞ رَّسُولُ ٱللَّهِۚ ...۝٢٩﴾ [الفتح: ٢٩]

{Muhammat yonent Yàlla la.} [suuratul fathi 29]

## lan mooy baatub tawhiid ak lan lay wund ?

baatub tawhiid mooy " لا إله إلا الله " limuy tekki mooy: amul kenn ku ñuy jaamu ci dëgg ku dul Yàlla.

Yàlla mu kawe mi neena:

﴿فَٱعۡلَمۡ أَنَّهُۥ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا ٱللَّهُ وَٱسۡتَغۡفِرۡ لِذَنۢبِكَ وَلِلۡمُؤۡمِنِينَ وَٱلۡمُؤۡمِنَٰتِۗ وَٱللَّهُ يَعۡلَمُ مُتَقَلَّبَكُمۡ وَمَثۡوَىٰكُمۡ ۝١٩﴾ [محمد: ١٩]

{na nga xam ne amul kenn ku ñuy jaamu ci dëgg ku dul Yàlla.} [suuratu Muhammat 19]

## ana Yàlla mu màgg mi te kawe ?

Yàlla ma nga ca asamaan ca kaw aras féete kaw mbideef yépp, Yàlla mu kawe mi neena:

﴿ٱلرَّحۡمَٰنُ عَلَى ٱلۡعَرۡشِ ٱسۡتَوَىٰ۝٥﴾ [طه: ٥]

{Yàlla miy Boroom yërmànde ju yaatu ji ma nga yamoo fa kaw aras.} [suuratu taahaa 5]

wax na batay:

﴿وَهُوَ ٱلۡقَاهِرُ فَوۡقَ عِبَادِهِۦۚ وَهُوَ ٱلۡحَكِيمُ ٱلۡخَبِيرُ۝١٨﴾ [الأنعام: ١٨]

{Yàlla mooy notaakon bi féete kaw jaamam yépp mooy Aji-xarañ ji te deñ kumpa.} [suuratul anhaam 18]

## lan mooy maanaam seede ne Muhammat yonenteb Yàlla la ?

Loolu mooy nga nanggu ne yonente bi Yàlla moo ko yónni ci mbindéef yi muy bégal ñi ko topp di xupp ñi ko moy

Dina war:

1- nu topp ko ci li mu santaane.

2- nu dëggal ko ci lépp lu mu nu xibaare.

3- nu bañ a wuute ak moom di moy ndigalam.

4- nu bañ a jaamu Yàlla lu dul ci li mu yoonal maanaam nu tënku ci sunnaam bàyyi lépp luy bidaa.

Yàlla wax na ci suuratu nisaahii ne: képp ku topp yonente bi topp nga Yàlla, mu dellu waxaat ne:

﴿وَمَا يَنطِقُ عَنِ ٱلۡهَوَىٰٓ۝٣ إِنۡ هُوَ إِلَّا وَحۡيٞ يُوحَىٰ۝٤﴾ [النجم: ٣-٤]

{Yonente bi du waxe ci bànneexu bakkanam, lumu wax dees ka koo yenkeewal * maanaam du wax ludul liko Yàlla wax loo} [suuratu annajmi 3- 4]

Yàlla mu kawe mi te sell neena:

﴿لَّقَدۡ كَانَ لَكُمۡ فِي رَسُولِ ٱللَّهِ أُسۡوَةٌ حَسَنَةٞ لِّمَن كَانَ يَرۡجُواْ ٱللَّهَ وَٱلۡيَوۡمَ ٱلۡأٓخِرَ وَذَكَرَ ٱللَّهَ كَثِيرٗا ٢١﴾ [الأحزاب: ٢١]

{am ngeen ci yonente bi ab royuwaay bu rafet ñeel képp ku yaakaar Yàlla te gëm bis-pénc tay tudd Yàlla lu bari} [suuratul ahzaab 21]

### lan moo tax Yàlla bind nu ?

Yàlla daf noo bind ngir nu jaamu ko moom dong te bañ koo bokkaale ak dara.

bindu nu ngir ay caaxaan walla am po.

Yàlla mu kawe mi neena:

﴿وَمَا خَلَقۡتُ ٱلۡجِنَّ وَٱلۡإِنسَ إِلَّا لِيَعۡبُدُونِ ٥٦﴾ [الذاريات: ٥٦]

{Binduma jinne ak nit lu dul ñu jaamu ma.} [suuratu azaariyaat 56]

### lan mooy jaamu ?

loolu de ab baat la bu làmboo lépp lu Yàlla bëgg te gërëm ko ci ay wax ak ay jëf ci lu feeñ mbaa lu nëbbu.

Li feeñ nag mooy lu mel ni tudd Yàlla ci làmmiñ di ko sàbbaal ak di ko sant ak màggal ko, wala sax julli Mbaa aj màkka.

Li nëbbu mooy lu mel ni wakkiirlu ci Yàlla ak ragal ko ak yaakaar ko.

### lan mooy li gën a rëy ci li war ci nun?

li gën a rëy ci li war ci nun mooy weetal Yàlla.

### yan ñooy xeeti tawhiid yi ?

1) tawhiidu arrubuubiyatu maanaam wéetal Yàlla ci ay jëfam: te mooy nga gëm ne Yàlla mooy Aji-bind ji, di Aji-wërsëgal ji te moom dong mooy ki moom lépp, di ko saytu amul kenn kuñ koy bokkaale.

2) tawhiidu al uluuhiyatu, maanaam wéetal Yàlla ci jëfi jaam ñi: loolu mooy wéetal Yàlla ci jaamu ko moom dong bañ koo bokkaale ak dara.

3) tawhiidul asmaahi wassifaati, maanaam wéetal Yàlla ci ay turam ak i meloom:loolu mooy nga gëm ne Yàlla am na ay tur ak ay melo yu ñëw ci Alquraan ak ci sunna nga gëm ko bu wér te bañ koo melal walla di ko niroole ak lenn walla di ko weddi.

liy tektale ñatti xeeti tawhiit yii mooy wax i Yàlla mu kawe mi:

﴿رَّبُّ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضِ وَمَا بَيۡنَهُمَا فَٱعۡبُدۡهُ وَٱصۡطَبِرۡ لِعِبَٰدَتِهِۦۚ هَلۡ تَعۡلَمُ لَهُۥ سَمِيّٗا ٦٥﴾ [مريم: ٦٥]

{Yàlla mooy Boroom asamaan yi ak suuf si ak li ne ci seen diggante,kon nanga ko jaamu te sax sa jaamu ga te nga xool ndax dinga xam kenn ku melni moom ci ay turam mbaa ay melokaanam.} [suuratu Maryama 65]

**lan mooy bàkkaar bi gën a rëy ?**

bakkaar bi gën a rëy mooy bokkaale Yàlla.

Yàlla mu kawe mi neena:

﴿إِنَّ ٱللَّهَ لَا يَغۡفِرُ أَن يُشۡرَكَ بِهِۦ وَيَغۡفِرُ مَا دُونَ ذَٰلِكَ لِمَن يَشَآءُۚ وَمَن يُشۡرِكۡ بِٱللَّهِ فَقَدِ ٱفۡتَرَىٰٓ إِثۡمًا عَظِيمًا ٤٨﴾ [النساء: ٤٨]

{Yàlla du jéggal ku deewaale bokkaale waaye dina jeggale lu dul bokkaale ñeel ku ko soob te képp kuy bokkaale Yàlla def na bàkkaar bu rëy.} [suuratu annisaa 48]

**waxal lan mooy bokkaale ak i xeetam ?**

bokkaale mooy: defal keneen ku dul Yàlla lenn ci xeeti jaamu yi.

ay xeetam:

bokkaale gu mag; lu ci mel ni: ñaan keneen ku dul Yàlla, walla sujjóotal keneen ku dul Yàlla, walla rendi dara ngir keneen ku dul Yàlla.

bokkaale gu ndaw; ni ki  di giñ ci keneen ku dul Yàlla,walla takk ay gàllaaj, walla yu ni mel ngir mu indil la njariñ walla mu fegal ( dàqal) la aw lor, ak lu mel ni ngistal ni ki kuy julli di ko taaral ngir Li ko nit ñi di xool.

## ndax amna keneen ku dul Yàlla ku xam kumpa?

kenn xamul kumpa ku dul Yàlla.

Yàlla mu kawe mi neena:

﴿قُل لَّا يَعۡلَمُ مَن فِي ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضِ ٱلۡغَيۡبَ إِلَّا ٱللَّهُۚ وَمَا يَشۡعُرُونَ أَيَّانَ يُبۡعَثُونَ ٦٥﴾ [النمل: ٦٥]

{waxal jaam ñi ne amul kenn ku nekk ci asamaan yi walla ci suuf ku xam kumpa ku dul Yàlla, te kenn xamul kañ la nu leen di dekkil.} [suuratu annamli 65]

## limub ponk i gëm Yàlla?

1) gëm Yàlla mu kawe mi.

2) gëm ay malaakaam.

3) gëm ay téereem.

4)gëm ay yonenteem.

5)gëm bis-pénc.

6)gëm dogal bu neex ak bu naqari.

tektal bi mooy adiisu Jibriil bu siiw bi Muslim solo Jibrill wax yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal te musal ko:xamal ma lan mooy ngëm, yonente bi ne ko ngëm mooy nga gëm Yàlla ak i malaakaam, ak i téereem, ak i yonenteem, ak bis-pénc ba, te nga gëm ab dogal bu neex ak bu naqari.

## faramfacceel ponk i ngëm?

Tontu bi mooy: gëm yàlla mu kawe mi

mooy nga gëm ne Yàlla moo la bind di la wërsëgal, te mooy buur bi moom lepp te moom dong mooy saytu mbideef yi.

te nga gëm ne moom dong moo yayoo jaamu amul kenn ku ñuy jaamu ci dëgg ku dul moom.

te nga gëm ne mooy Aji-màgg ji di ku mat sëkk, te moom donga yayoo mbooleem xeet i cant yi, mooy Boroom tur yu rafet yi ak melokaan yu kawe yi amul moroom, te lenn ci mbindeefam yi nuru wu ko.

gëm malaaka yi.

Ñoom malaakayi ay mbindeef la ñu Yàlla da leen a bind ci ag leer ngir ñu jaamu ko topp ndigalam yépp.

bokk na ci malaaka yooyu Jibriil yal na jàmm nekk ci moom, mooy malaaka miy wàcce (wahyu) ndéeytel Yàlla ci yonente yi.

gëm téere yi:

Mooy téere yi Yàlla wàcce ci ay yonentaam.

ni ki Alquraan bi Yàlla wàcce ci Muhammat yal na ko Yàlla dolli xéewal te musal ko.

ak Injiil bi Yàlla wàcce ci Iisaa yal na jàmm nekk ci moom.

ak Tawraat bi Yàlla jox Muusaa yal na jàmm nekk ci moom.

ak zabuur bi Yàlla jox Daawuuda yal na jàmm nekk ci moom.

ak yeneeni téere yu mu joxoon Ibraahiimaa ak Muusaa.

gëm yonente yi:

Ñoom ñooy ñi Yàlla yónni ci jaamam yi ngir ñu jàngal leen di leen bégal ci lu baax ak aljana, waaye di leen xupp ci lu bonn ak sawara.

yonent yooyu ña ca gën ñooy ñi ñiy woowe ulul hasmi te ñoo ñu ñooy:

yonente Yàlla Nuuh yal na jàmm nekk ci moom.

yonente Yàlla Ibraahiima yal na jàmm nekk ci moom.

yonente Yàlla Muusaa yal na jàmm nekk ci moom.

yonente Yàlla Hisaa yal na jàmm nekk ci moom.

yonente Yàlla Muammat yal na jàmm ak xéewal nekk ci moom.

gëm bis bu mujj ba.

bis-pénc ba nak mooy li nekk ci gannaaw dee ci biir bàmmeel, ak bisub taxawaay ba, ak dekki ak isaab jëf i jaam ñi ba ñu baax ñi dugg aljana ñu bonn ña dem sawara.

gëm ab dogal bu neex wala bu naqari.

ab dogal mooy: nga gëm ne Yàlla xam na lépp luy xew ci àdduna bi, te fekk ne Yàlla bindoon na ko ca lawhul mahfuus te moom la neex mu am.

Yàlla neena lépp lu am noo ko bind ci sunug dogal.

ab dogal nak ñeenti dayo la:

bu njëkk bi mooy: xam xamub Yàlla, ni ki xam xamam bi jiitu lépp luy xew laataa muy xew ak bi mu xewee ba noppi.

tektal bi mooy wax i Yàlla mu kawe mi:

﴿إِنَّ ٱللَّهَ عِندَهُۥ عِلۡمُ ٱلسَّاعَةِ وَيُنَزِّلُ ٱلۡغَيۡثَ وَيَعۡلَمُ مَا فِي ٱلۡأَرۡحَامِۖ وَمَا تَدۡرِي نَفۡسٞ مَّاذَا تَكۡسِبُ غَدٗاۖ وَمَا تَدۡرِي نَفۡسُۢ بِأَيِّ أَرۡضٖ تَمُوتُۚ إِنَّ ٱللَّهَ عَلِيمٌ خَبِيرُۢ ٣٤﴾ [لقمان: ٣٤]

{Yàlla rekk a xam kañ la àdduna di Tukki, mooy wàcce ab taw, te moo xam li nekk ci butiitu njuru kaay yi,te amul kenn ku xam lu miy fàggu suba, wala ci jan suuf lay faatoo,Yàlla ku deñ kumpa la waaye ku xarañ la.} [suuratu Luqmaan 48]

ñaareel bi mooy: nga gëm ne Yàlla bind na ko ca lawhul mahfuus, lépp lu xew walla luy xewi ëllëg bind na ñu ko ci ab téere fa Yàlla.

tektal bi mooy wax i Yàlla mu kawe mi:

﴿۞ وَعِندَهُۥ مَفَاتِحُ ٱلۡغَيۡبِ لَا يَعۡلَمُهَآ إِلَّا هُوَۚ وَيَعۡلَمُ مَا فِي ٱلۡبَرِّ وَٱلۡبَحۡرِۚ وَمَا تَسۡقُطُ مِن وَرَقَةٍ إِلَّا يَعۡلَمُهَا وَلَا حَبَّةٖ فِي ظُلُمَٰتِ ٱلۡأَرۡضِ وَلَا رَطۡبٖ وَلَا يَابِسٍ إِلَّا فِي كِتَٰبٖ مُّبِينٖ ٥٩﴾ [الأنعام: ٥٩]

{Yàlla mooy ki xam kumpa keneen ku dul moom xamu ko, te mooy ki xam lépp lu nekk ci jéeri ji wala ci géej gi, te amul wenn xob wuy rot ci suuf lu dul ni xam na ko, amul it aw fepp wuy wadd ci lëndamug suuf si lu dul ne xam na ko, amul it lu tooy walla lu wow lu dul ne bind na ko cib téere bu leer.} [suuratul anhaam 59]

ñatteel bi mooy: nga gëm ne lépp luy xew ci coobare Yàlla lay xewe, te amul dara luy am ludul da koo neex moo xam ci moom la bàyyikoo wala ci mbindeef yi.

tektal bi mooy wax i Yàlla mu kawe mi:

﴿لِمَن شَآءَ مِنكُمۡ أَن يَسۡتَقِيمَ ٢٨ وَمَا تَشَآءُونَ إِلَّآ أَن يَشَآءَ ٱللَّهُ رَبُّ ٱلۡعَٰلَمِينَ ٢٩﴾

[التكوير: ٢٨-٢٩]

{ku mu soob ci yéen mu jub, waaye dara manu leen a soob lu dul dafa soob Yàlla miy Boroom bindéef yi ba noppi.} [suuratu attakwiir 28-29]

ñeenteel bi mooy: nga gëm ne lépp lu fi nekk rekk mbindéef mu Yàlla bind la, moo bind seen i jëmm ak seen i melo ak seen lépp.

tektal bi mooy wax i Yàlla mu kawe mi:

﴿وَٱللَّهُ خَلَقَكُمۡ وَمَا تَعۡمَلُونَ ٩٦﴾ [الصافات: ٩٦]

{Yàlla mooy ki leen bind yéen ak seen i jëf.} [suuratu assaafaati 96]

## Ian mooy xamleb Alquraan?

Alquraan wax i Yàlla la du mbindeef.

Yàlla mu kawe mi neena:

﴿وَإِنۡ أَحَدٞ مِّنَ ٱلۡمُشۡرِكِينَ ٱسۡتَجَارَكَ فَأَجِرۡهُ حَتَّىٰ يَسۡمَعَ كَلَٰمَ ٱللَّهِ ...﴾ [التوبة: ٦]

{bu kenn ci way bokkaale yi làqoo fi yaw na nga ko fat ndax mu dégg kàddug Yàlla} [suuratu attawba 6]

## Ian mooy sunna ?

sunna mooy: pépp wax walla jëf juñu askanale yonente bi wala muy lu kenn def ci kanamam mu saxal ko, wala aw melo ciy jikkoom walla aw bindiinam.

## Ian mooy bidaa ak ndax warees na koo nangu ?

Bidaa mooy: lépp lu nit ñi sos ci diine gannaaw yonent bi ak i àndandoom.

Bidaa nag dees koy delloo waaye dee su ko nangu.

ngir wax i yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéwal akug mucc:bépp bidaa ag réer la.abuu daawuuda moo ko soloo

lu ci mel ni yokk ci jaamu Yàlla, ni ki yokk ci njàppu ñeenteelu raxaas, ak lu mel ni gàmmu maanaam di féete juddug yonent bi, ndax loolu jugewul ci yonente bi niki noonu ay  sahaabaam.

## Ian mooy pas-pasu walaahu wal baraahu maanaam di mengóo ag nit féetéeg moom wala gay dogoo ak moom.

li nu jublu ci walaahu mooy: mengóo wala féetewoo ak ñi gëm Yàlla boolesi dileen dimbali.

Yàlla mu kawe mi neena:

﴿وَٱلۡمُؤۡمِنُونَ وَٱلۡمُؤۡمِنَٰتُ بَعۡضُهُمۡ أَوۡلِيَآءُ بَعۡضٖۚ ...﴾ [التوبة: ٧١]

{way gëm Yàlla yu góor yi ak yu jigéen yi lenn ca ñoom ñoo féetéeg ñacades.} [suuratu attawba 71]

li nu jublu ci Albaraahu mooy: bañ yéeféer yi ta def leen ay noon, maanaam dogoo ag ñoom.

Yàlla mu kawe mi neena:

﴿قَدْ كَانَتْ لَكُمْ أُسْوَةٌ حَسَنَةٌ فِيٓ إِبْرَٰهِيمَ وَٱلَّذِينَ مَعَهُۥٓ إِذْ قَالُواْ لِقَوْمِهِمْ إِنَّا بُرَءَٰٓؤُاْ مِنكُمْ وَمِمَّا تَعْبُدُونَ مِن دُونِ ٱللَّهِ كَفَرْنَا بِكُمْ وَبَدَا بَيْنَنَا وَبَيْنَكُمُ ٱلْعَدَٰوَةُ وَٱلْبَغْضَآءُ أَبَدًا حَتَّىٰ تُؤْمِنُواْ بِٱللَّهِ وَحْدَهُۥ...٤﴾ [الممتحنة: ٤]

{am ngeen ci Ibraahiima ak ñam andaloon royuwaay wu rafet, ba ñu waxee seenu nit na leen nun de deñ nanu ba set wecc ci yéen ag lingeen di jaamu te du Yàlla, weddi nanu leen, te ag noonoo akug mbañeel dox na sunu diggante ba fàwwu, ba kerook ngeen di gëm Yàlla dong.} [suuratu al mumtahinatu 4]

**ndax Yàlla da na nangu jeneen diine ju dul lislaam?**

Yàlla du nangu jeneen diine ju dul lislalaam.

Yàlla mu kawe mi neena:

﴿وَمَن يَبْتَغِ غَيْرَ ٱلْإِسْلَٰمِ دِينًا فَلَن يُقْبَلَ مِنْهُ وَهُوَ فِى ٱلْءَاخِرَةِ مِنَ ٱلْخَٰسِرِينَ٨٥﴾ [آل عمران: ٨٥]

{képp ku topp jeneen diine ju dul lislaam deesu ka ko nangul te bu bis-pénc baa di na bokk ci way torox yi.} [suuratu aali himraan 85]

**ak kéefar day nekk ci wax walla ci jëf walla ci pas-pas, joxe ci misaal?**

misaalum wax juy kéefarloo mooy: lu mel ni saaga Yàlla walla ab yonenteem.

misaalum jëf juy kéerarloo mooy lu mel ni: doyodal Alquraan, wala sujóotal ku dul Yàlla.

misaalum pas -pas buy kéefarloo mooy lu mel ni: nga fas ne am na keneen ku yayoo ag jaamu ku dul Yàlla, wala nga fas ne amna keneen kuy bind àndag Yàlla.

## lan mooy ag naaféq ak i xeetam?

Tontuli-

1- ak naaféq gu mag mooy: nëbb ag kéefar di feeñal ag ngëm.

loolu nag day génne nit ki ci lislaam te moongi bokk ci ag kéefar ku mag.

Yàlla mu kawe mi neena:

﴿إِنَّ ٱلۡمُنَٰفِقِينَ فِي ٱلدَّرۡكِ ٱلۡأَسۡفَلِ مِنَ ٱلنَّارِ وَلَن تَجِدَ لَهُمۡ نَصِيرًا ١٤٥﴾ [النساء: ١٤٥]

{naaféq yi fa gën a suufe ca safara la niy nekk te kenn manu leen a dimbal.} [suuratu annisaahi 145]

2- ak naaféq gu ndaw:

ni ki lu mel ni: fen ak wuute ab dig ak wor.

naaféq gu ndaw nag du génne nit ci lislaam, waaye ci bàkkaar yi la bokk, ta ki koy def nag manees na ko cee mbugal.

yonente Yàlla bi neena:màndargam naaféq ñatt la: saa yu waxee fen, saa bu joxee ab dig wuute ko, buñu ko wóoloo mu wor.Buxaariu ak muslim ñoo ko soloo.

## kan moo mujju ci yonent yi ?

ki muju ci yonent yi mooy Muhammet.

Yàlla mu kawe mi neena:

﴿مَّا كَانَ مُحَمَّدٌ أَبَآ أَحَدٖ مِّن رِّجَالِكُمۡ وَلَٰكِن رَّسُولَ ٱللَّهِ وَخَاتَمَ ٱلنَّبِيِّـۧنَۗ وَكَانَ ٱللَّهُ بِكُلِّ شَيۡءٍ عَلِيمٗا ٤٠﴾ [الأحزاب: ٤٠]

{Muhammet nékkul baayub kenn ci yéen waaye yonenteb Yàlla la, te mooy ki tëj yonente yi maanaam mooy ki mujj ci yonente yi} [suuratul ahzaab 40]

yonente Yàlla bi neena:man maay ki tëj yonnent yi, amul beneen yonente buy ñëw sama gannaaw.abuu daawuuda ak tirmisiyu soloo na ñu ko ak ñeneen.

## lan mooy kéemtaan? ( muhjisa).

(Muhjisa) maanaam kéemtaan mooy: lépp lu Yàlla jox ay yonenteem ci mbir yu xotti baax ngir firndeel seenug dëggu, ni ki lu mel ni:

- xar gi yonente bi xaroon wéer wi ñaar:
- ak xotti gi yonente Yàlla Muusaa xottiwoon géej gi, ak Firhawna miñu laabal mom ak i soldaaram.

## ñan ñooy sahaaba yi ?( àndandoo yonente bi) ak ndax dama leen a war a bëgg?

Ab sahaaba mooy: ku dajé ak yonente bi gëm ko te faatu ci diiney lislaam.

Sahaaba yooyu dañ leen a war a bëgg di leen roy, ndax ñoom ñooy ñi gën ci nit ñi gannaaw. yonente yi.

ñi gën ci ñoom nag ñooy ñenti xalifa yi:

Abuu bakar Yal na ko Yàlla gërëm.

Omar yal na ko Yàlla gërëm.

Usmaan yal na ko Yàlla gërëm.

Alliyu yal na ko Yàlla gërëm.

## ñan ñooy yaayi jullit ñi ?

ndayi jullit ñi ñooy soxnay yonente bi.

Yàlla mu kawe mi neena:

﴿ٱلنَّبِيُّ أَوۡلَىٰ بِٱلۡمُؤۡمِنِينَ مِنۡ أَنفُسِهِمۡۖ وَأَزۡوَٰجُهُۥٓ أُمَّهَٰتُهُمۡۗ ...٦﴾ [الأحزاب: ٦]

{yonente bi moo gën a yay ci way gëm yi ci seen bopp,te ay soxnaam ñooy nday i jullit ñi.} [suuratul ahzaab 6]

## lan mooy àqi waa kër yonente bi ci nun ?

Danu leen a war a bëgg ta féete ag ñoom, bañ képp ku leen bañ, te bañ a ëppal ci ñoom, te ñooñu ñooy ay soxnaam ak njabootam ak ñi askanoo ci Haasim ak Mutallib te bokk ci way gëm yi.

## lan mooy sunu warteef ci njiitu jullit yi ?

sunu warteef ci ñoom mooy wormaal leen déggal leen topp leen ci lu dul ag moy Yàlla, te bañ a fétteerlu ci seen kaw; waaye di leen ñaanal, te di léen laayabiir ci lu nëbbu.

## Fan mooy kërug jullit ñi ëllak ?

seen kër mooy aljana, Yàlla mu kawee mi neena:

﴿إِنَّ ٱللَّهَ يُدۡخِلُ ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ وَعَمِلُواْ ٱلصَّٰلِحَٰتِ جَنَّٰتٍ تَجۡرِي مِن تَحۡتِهَا ٱلۡأَنۡهَٰرُۖ...﴿١٢﴾﴾

[محمد: ١٢]

{Ni gëm Yàlla tey jëf lu baax Yàlla da na leen dugal aljana joo xam ne ay dex ñooy daw ca suufam.} [suuratu Muhammet 12]

## Fan mooy kërug yéefar yi ?

kërug yéefar yi mooy sawara; Yàlla neena:

﴿...فَٱتَّقُواْ ٱلنَّارَ ٱلَّتِي وَقُودُهَا ٱلنَّاسُ وَٱلۡحِجَارَةُۖ أُعِدَّتۡ لِلۡكَٰفِرِينَ ﴿٢٤﴾﴾ [البقرة: ٢٤]

{Na ngeen ragal sawara si nga xam ne la koy xamb mooy nit ak ay xeer te waajalees na ko ñeel yéefar yi.} [saaru Baqara 24]

## lan mooy ragal ? lan mooy yaakaar ? ak luy tektal bi ?

ragal: mooy ragal Yàlla ak mbugëlam.

yaakaar: mooy yaakaar yoolub Yàlla ak njéggalam ak yërmandeem.

tektal bi mooy wax i Yàlla mu kawe mi:

﴿أُوْلَٰٓئِكَ ٱلَّذِينَ يَدۡعُونَ يَبۡتَغُونَ إِلَىٰ رَبِّهِمُ ٱلۡوَسِيلَةَ أَيُّهُمۡ أَقۡرَبُ وَيَرۡجُونَ رَحۡمَتَهُۥ وَيَخَافُونَ عَذَابَهُۥٓۚ إِنَّ عَذَابَ رَبِّكَ كَانَ مَحۡذُورٗا﴿٥٧﴾﴾ [الإسراء: ٥٧]

{ñooñu ngeen di ñaan ñoom ci seen bopp da ñiy góor–góorlu ci def lu baax ngir gën a jege Yàlla, ñuy yaakaar yërmandeem di ragal mbugalam te sa mbugalum Boroom lu ñuy moytu la} [saaru Israa 57]

Sunu Borom mi ngi waxaat ne:

﴿ ۞ نَبِّئْ عِبَادِيٓ أَنِّيٓ أَنَا ٱلْغَفُورُ ٱلرَّحِيمُ ۝٤٩ وَأَنَّ عَذَابِي هُوَ ٱلْعَذَابُ ٱلْأَلِيمُ ۝٥٠ ﴾ [الحجر: ٤٩–٥٠]

{Xibaaral sama jaam ñi ne léen man maay aji–jéggale ji maay aji–yërëme ji * waayé sama mbugal mooy mbugal mu metti mi} [saaru Al–Hijr 49– 50]

## Tuddal yenn ci tur i Yàlla yi ak i meloom?

Yàlla, Boroom bi, Aji-yëram ji, Aji-dégg ji, Aji-gis ji, Aji-xam ji, Aji-wërsëgal ji, Aji-dund ji, Aji-màgg ji... ak yudul yooyu ci ay tur yu rafet ak i melokaan yu kawe.

## firil tur yii?

Yàlla: li miy tekki mooy Yàlla ji niy jaamu ci dëgg moom rekk te amul kenn ku ñu koy bokkaaleel.

Buur bi: mooy ki bind te mooy ki moom, mooy wërsëgal te mooy doxal mbir yi moom dong moom Yàlla mu sell mi.

Aji-dégg ji: mooy ki ag déggam daj lépp, muy dégg kàddu yépp ak séeni wuute ak séeni melokaan.

Aji-gis ji: mooy kiy gis lépp, di gis lépp lu ndaw wala mu rëy.

Aji-xam ji: mooy ki xam-xamam bi peeg lépp moo xam li weesu wala li teew wala li ñëwagul

Aji-yërëm ji: mooy ki yërmaandeem daj bépp mindeef ak lépp luy dund, te jaam yépp ak mbindéef yépp ñoo ngi ci suufu yërmàndeem.

Aji-wërsëgal ji: mooy ki wërsëgu mbindeef yépp nekk ci moom moo xam nit la wala jinne wala lépp luy dox ci suuf.

Aji-dund ji: mooy kiy dund te du dee mukk, te mbindeef yépp da ñiy dee.

Aji-màgg ji:mooy ki ame géppug mat ak léppi màgg ci ay turam ak i meloom ak i jëfam.

### lan moo nu war ci woroom xam-xam i jullit ñi?

dan leen di bëgg, di dellu ci ñoom si masala yi ak xew-xewi sariiha yi, te dunu leen tudd ci lu dul lu rafet, te kepp ku leen tudd ci lu dul lu rafet Kooku jaarul ci yoon wu jub wa.

Yàlla mu kawe mi neena:

﴿...يَرۡفَعِ ٱللَّهُ ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ مِنكُمۡ وَٱلَّذِينَ أُوتُواْ ٱلۡعِلۡمَ دَرَجَٰتٖۚ وَٱللَّهُ بِمَا تَعۡمَلُونَ خَبِيرٞ ١١﴾ [المجادلة: ١١]

{Yàlla dina yëkatil ay daraja ñi gëm ci yéen ak ñi ñu jox xam-xam si yéen te Yàlla deñ na kumpa ci lépp lu ngeen di def.} [saaru Al-mujaadala 11]

### ñan ñooy wàlliyuy Yàlla ? Maanaam ay péetéy Yàlla.

Ñoom ñooy ñi gëm Yàlla yi te ragal ko.

Yàlla mu kawe mi neena:

﴿أَلَآ إِنَّ أَوۡلِيَآءَ ٱللَّهِ لَا خَوۡفٌ عَلَيۡهِمۡ وَلَا هُمۡ يَحۡزَنُونَ ٦٢ ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ وَكَانُواْ يَتَّقُونَ ٦٣﴾ [يونس: ٦٢-٦٣]

{ñi méngoog Yàlla du ñu tiit du ñu jàq, ñooñu ñooy ñi gëm Yàlla te ragal ko.} [saaru Yuunus 62- 63]

### ndax ngëm Yàlla wax la ak jëf?

Ngëm Yàlla de wax la ak jëf ak pas-pas.

### ndax ngëm Yàlla day yokku di wàññiku?

Ngëm Yàlla day yokkoo cig topp Yàlla di wàññi koo cig moy Yàlla.

Yàlla mu kawe mi neena:

﴿إِنَّمَا ٱلْمُؤْمِنُونَ ٱلَّذِينَ إِذَا ذُكِرَ ٱللَّهُ وَجِلَتْ قُلُوبُهُمْ وَإِذَا تُلِيَتْ عَلَيْهِمْ ءَايَٰتُهُۥ زَادَتْهُمْ إِيمَٰنًا وَعَلَىٰ رَبِّهِمْ يَتَوَكَّلُونَ ۝٢﴾ [الأنفال: ٢]

{way gëm yi de ñooy ñi nga xam ne bu ñu tuddee Yàlla seen xol ya day jàq te buñu jàngee aayay Yàlla yi ci ñoom da leen di dolli ag ngëm, te ci Yàlla rek lañuy wakkirlu} [suuratu Al-anfaal 2]

## lan mooy rafetal?

Rafetal, mooy ngay jaamu Yàlla ba mel ni yaa ngi koy gis, boo ko gisul nga xam ni moom mi ngi lay gis.

## kañ la jëf yi di nekk lu Yàlla mu sell mi di nanggu?

ci ñaari sart lay amee:

1- bu sellee ngir jëmmi Yalla mu kawe mi rekk.

2-bu tegoo ci sunnay yonente bi ﷺ.

## lan mooy wakkirlu ci Yàlla mu kawe mi?

mooy sukkandiku ci Yàlla ci xëcci njariñ ak jañ lor, andag jàpp ci sabab yi.

Yàlla mu kawe mi neena:

﴿...وَمَن يَتَوَكَّلْ عَلَى ٱللَّهِ فَهُوَ حَسْبُهُۥٓ... ۝٣﴾ [الطلاق: ٣]

{képp ku wakkirlu ci Yàlla; Yàlla doy na ko.} [suuratu Attalaaq 3]

hasbuhoo: mooy doy na ko.

## lan mooy warteefu digle lu baax ak tere lu bon?

digle lu baax mooy: digle topp Yàlla, tere lu bonn mooy: aaye lépp luy moy Yàlla mu sell mi.

Yàlla mu kawe mi neena:

﴿كُنتُمْ خَيْرَ أُمَّةٍ أُخْرِجَتْ لِلنَّاسِ تَأْمُرُونَ بِٱلْمَعْرُوفِ وَتَنْهَوْنَ عَنِ ٱلْمُنكَرِ وَتُؤْمِنُونَ بِٱللَّهِ... ۝١١٠﴾ [آل عمران: ١١٠]

{yeenay xeet wi gën ci xeet yi ndax da ngenn di digle lu baax di tere lu bonn te gëm Yàlla.} [suuratu aali himraan 110]

## ñan ñooy mbooloo mi tënku ci sunna :

ñoo ñu ñooy ñi nekk ci li yonente bi ak i sahaabaam nekkoon ci jëf ak ci wax ak ci pas- pas.

dees leen di woowe waa sunna: ngir topp gu nuy topp sunna di bayyi bidaa

dees leen di askanale ci ne ñoom ñooy mbooloo mi: ngir booloo giñu booloo ci dëgg te duñu ci tàqalikoo.

*******

## xaajub fiq bi

### Laaj 1: xamleel ag laab?

Tontu li- laab mooy: yékkati am toj walla sobe su déñ.

laaba ci sobe mooy: julit bi dindi lépp luy sobe ci yaramam, wala ci ay yéereem, walla ci barab bi muy jullee.

laabug toj mooy: nit ki jàppu, wala mu sangu farata ci am ndox mu laab, wala mu tiim bu amul ndox, walla bu amee ngànt ci jëfëndikoo ndox ma.

### naka ngay laabale sobe su la taq ?

da nga koy raxas ag ndox ba mu set.

bu dee ndab lu ab xaj naan dees koy raxas juróom-ñaar i yoon raxas bu njëkk ba ñu boole ci suuf.

### lan mooy ngëneelu njappu ?

yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc neena:jullit bi wala Aji-gëm ji bu jàppoo ba raxas xar kanamam; bàkkaar bu mu mas a def ci ay gëtam day rot ànd ak ndox mi, bu raxasee ay yoxoom bépp bàkkaar bu mu mas a def ci ay yoxoom dana rot ànd ak ndox mi, ni ki noonu bu raxasee ay tànkam bàkkaar yi mu masa dox ak tànkam yépp dana rot ànd ak ndox mi, ba keroog muy set wecc ci ay bàkkaar.Muslim moo ko soloo

### na ka ngay jàppoo ?

dangay raxas say ténq ñatti yoon, maanaam sa ñaari loxo basi tikku jara yi.

nga gallaxndiku, saraxndiku, fiiru ñatti yoon.

gallaxndiku mooy: nga guux ndox mi yëngal ko ci sa gémmeñ yàbbi ko.

saraxndiku mooy: nga def ndox ci sa loxo ndeyjoor xëcc ko ak sa bakkan ba mu dugg ci biir bakkan bi.

fiiru mooy: nga génne ndox mi nga dugaloon ci sa bakkan mel ni kuy ñandu ak sa loxo càmmooñ.

gannaw ba nga raxas sa xarkanam ñatti yoon.

Tek ci raxas say yoxo ba ci say coñc ñatti yoon.

Nga masaa sa bopp tàmbalee ci sab jë jëm ci sag ndong, masaa waale say nopp.

Nga raxas say tànk ba ci say dojor ñatti yoon.

lii mooy njàppu li gën a matale,  sax na juge ci yonente bi ci ay adiis yu Buxaari ak Muslim solo sahaabam yu bari nettali ko ku ci mel ni Usmaan ak Abdul Laay ibnu zayd ak yenéen i sahaaba.sax na itam ci yonente bi ne daana jàppu benn-benn, niki noonu jàppu na ñaar-ñaar maanaam: mu raxas cër i njàppu yi benn yoon walla ñaar i yoon; lii Buxaarii moo ko soloo.

## Yan ñooy faratay njàppu, ak lim bi ñaata la?

Faratay njàppu mooy li nga xam ne bu ci jullit bi bàyyee benn njàppam du baax.

1) raxas xar kanam, boole ci gallaxndiku ak saraxndiku.

2) raxas say yoxo ba ci coñc yi.

3) masaa sa bopp ak say nopp.

4) raxas say tànk ba ci dojor yi.

5) toftale cër i njàppu yi, ni ki jiital raxas xar kanam tek ci raxas yoxo yi; doora masaa bopp, tek ci raxas ay tànk.

6) tegele njàppu mi maanaam nga jàppu ci lu amul benn dog-dog ci diggante bi cër bi nga raxas di fendi.

- lu mel ni nit ki jàppu ba mu xaaj mu bàyyi ko toog ba mu yàgg mu mottali ko, njàppu loolu du baax.

## Lan mooy sunnay njàppu ak lim bi ñaata la?.

Sunnay njàppu mooy loo xam ne bu ko Aji-jàppu ji defee am ci tiyaaba; te bu ko deful du ci am benn bàkkaar te yit njàppam di na wér.

1) tudd Yàlla te mooy nga wax bismillaahi.

2) soccu.

3) raxas say yoxo ba ci tikkujara yi.

4) raxas say xar-xaru waaraam.

5) ñaareelu raxas bi ak ñatteel bi ci cér i njàppu yi.

6) tàmbalee ndayjoor.

7) tudd Yàlla ginnaaw njàppu li te mooy nga wax ñaan gii:maa ngi seede ne amul benn buur bu ñuy jaamu ci dëgg ku dul Yàlla, moom kepp amul kuñukoy bokkaaleel,di seede ne Muhammet jaamub Yàlla la te yonentab Yàlla la.

8) julli ñaar i ràkka ginnaaw njàppu li.

## Liy toj njàppu akub limam?

Liy toj njàppu mooy lépp lu génne ci ñaar i génnuwaay yu doomu aadama, moo xam ci kanamam wala ci ginnaawam, lu ci mel ni am saw wala ay dem duus walla ngalawal.

Niki noonu: Nelaw, wala xel mu dem, wala xëm.

Bokk na ca lekk ndawalug gileem.

Niki noonu: laal sa awra ak sa loxo  te dara doxul ci diggante bi.; moo xam awra  kanam la  wala bu ginnaw.

## Lan mooy tiim ?

Tiim mooy: nga jëfandikoo suuf ak lu mel ni moom ci pàkk bu sell, bu fekkee ne amoo ndox wala nga am ngànt ci jëfandikoo ndox mi.

## Naka la ñuy tiime ?

Booy tiim da ngay dóor say yoxo ci suuf benn yoon nga masaa ci sa xar-kanam ak say ténq benn yoon.

## Lan mooy liy toj (yàq) tiim

Lépp luy toj njàppu day toj tiim.

Niki noonu: boo amée am ndox gannaw bi nga tiimee ba noppi.

## Lan mooy ay saŋ wala ay kawas ak ndax dess na leen masaa ?

Ay saŋ mooy: lépp lu ñuy sol ci tànk te ñu deferee ko der.

Ay kawas nag mooy lu ñuy sol ci tànk te nekkul der.

Ñoom ñaar ñëpp manees na leen a masaa mu wuutu raxas tànk yi.

## Lan mooy xarañte gi nekk ci yoonal gi ñu yoonal masaa ay saŋ.

Dees koo yoonal gir yombal ak woyofal ñeel jaam ñi rawati na jamonoy sedd, wala nit ki nekk ci ab tukki, mu jafe ci moom lool muy summi ay saŋam saa yuy jàppu.

## Lan mooy sart yiy tax ñu mana masaa ci kaw ay saŋ ?

1- Mu sol ay saŋam fekk mu ngi ame laab, maanaam ginnaaw njàpp.

2- saŋ yi na nekk lu laab, masaa ci kaw  sobe du dagan.

3- Saŋ yi na muur bépp barab bu ñu farataal ag raxasam ci njàpp.

4- Masaa bi na nekk ci diir bi ñu tënk ci ki nekkul Aji-tukki: mooy bis bu mat sëkk, buddee Aji-tukki ji nag: ñatti fan ak seen i guddi.

## Lan mooy melokaan u masaa ci ay saŋ?

Melokaan u masaa ci ay saŋ mooy: mu teg yaar i loxoom yu tooy ag ndox ci kaw ay waaraam i tànkam daal di leen di rombale ba ca yeel ba, day masaa loxo ndeyjooram ci tànku ndeyjoor bi,loxo càmmooñ bi si tànku càmmooñ bi, mu ŋarale ay waaramam buy masaa te du bàmtu masaa bi.

## Lan mooy firi masaa ci ay saŋ? Maanaam Lukoye yàq?

1- jeexug diir bi ñu ko tënk, du dagan a masaa ci ay saŋ ginnaw jeexug diir bi ñu ko tënk ci sariiha, benn bis bu mat sëkk ñeel ki nekkul ci tukki, buddee Aji-tukki ji nag; ñatti bis ak seen i guddi.

2- Summi saŋ yi, nit ki bu summee ñaar i saŋam wala benn ba ginnaaw bamu ko masaa ba noppi kon masaa ba yàqu na.

## Lan mooy julli?

Julli: mooy sàkkoo jaamu Yàlla ci ay wax ak i jëf yees jagleel, muy tàmbalee ci kàbbar di jeexe ci sëlmël.

## Lan mooy àtteb julli?

Julli farata la ci bépp jullit.

Yàlla mu kawe mi neena:

﴿...إِنَّ ٱلصَّلَوٰةَ كَانَتۡ عَلَى ٱلۡمُؤۡمِنِينَ كِتَٰبٗا مَّوۡقُوتٗا ١٠٣﴾ [النساء: ١٠٣]

{Julli dees koo wutal waxtu ñeel way gëm ñi.} [saaru annisaai 103]

## Lan mooy àtteb bàyyi julli ?

Bàyyi julli ag kéefar la, yonente bi -yal na ko Yàlla dolli jàmm ak mucc- neena:Kóllare gi dox sunu digante ak ñoom yéefar yi mooy julli, képp ku ko bàyyi weddi na.Ahmad ak Tirmisiyu soloo nañu ko ak ñeneen.

## Ñaata julli ñoo war jullit bi ci bis bi ? Ak séeni ràkka ñaata la?

Juróroom i julli ci bis bi, jullig fajar: yaar i ràkka, ak jullig tisbaar: ñeent i ràkka, ak jullig tàkkusaan: ñeent i ràkka, ak jullig timis: ñatt i ràkka, ak jullig gee: ñeent i ràkka.

## Sart i julli ñaata la?

1- Lislaam; julli du wér mukk ci ab yéefar.

2- Xel: julli du wér mukk ci ab dof:

3- ràññee; julli du wér mukk ci gone gu ràññeegul.

4- Yéene.

5- Duggug waxtu julli wi.

6- Laab ci am toj.

7- Laab ci sobe.

8- Muur say awra suturaal ko.

9- Jublu ci xibla bi.

## Lan mooy limub ponk i julli ?

Ponk i julli fukk la ak ñeent, ni ki nii muy ñëwe:

Benn ba mooy: Taxaw ci jullig farata ci képp ku ko man.

Kàbbar u armal, te mooy: "Allaahu akbar".

Jàng faatiha.

Rukoo, day tàllal ndiggam bamu yamoo, mu def boppam mu tolloo ak moom.

Siggi juge ci rukoo bi.

Bu taxawee mu yamoo bani tekk.

Sujjóot, day dëgëral ab jëwam ak bakkanam, ak ay yaar i tenqam, ak yaar i wóomam, ak ay cat i waaraam i tànkam ci barab bamuy sujjóot.

Yëkkatiku bawoo ci sujjóot bi.

Toog ci diggante yaar i sujjóot yi.

Sunnay toog mooy: mu lal ab tànku càmooñam toog ci, samp tànku ndeyjooram, jëmale ko penku.

Dal: te mooy ànd ak dal ci bépp ponkub jëf.

taaya bu mujj bi.

toog ñeel taaya ji.

Yaari sëlmël yi, te mooy mu wax yaari yoon: "assalaamu halaykum wa rahmatul Laah"

Toftale ponk yi, ndax nit kiy julli bu sujóotoon laata muy rukoo ta fekk mooko tay julleem day yàqu, bu dee nag dafa juum, kon day dellu waat ca rukoo ba, bu noppi mu daaldi sujóot.

## Tuddal wartéef i julli?

wartéef i julli juroom-ñatt la:

1) Bépp kabbar bu dul kàbbar u armal.

2) Wax: «Samihallaahu liman hamida» ñeel imaam ak kiy julli moom dong.

3) Wax: «rabbanaa walakkal hamdu».

4) Wax: «subhaana rabbiyal asiim» benn yoon ci rukoo.

5) Wax: «suhaana rabbiyal ahlaa» benn yoon ci sujóot.

6) Wax: «rabbi ixfir lii» ci diggante ñaar i sujóot yi.

7) Taaya ju njëkk ji.

8) Toogaayu taaya ju njëkk ji.

## Yan ñooy sunnay julli?

Sunnay julli fukk la ak benn, niki yii ñëw :

1- Mu wax ginnaw kàbbaru armal bi: "subhaanaka allaahumma wa bi hamdi ka, wa tabaaraka ismuka, wa tahaalaa jadduka, wa laa ilaaha xayruka" loolu la ñi woowe: ñaanug ubbée.

2- Wax: "ahuuzu billaahi minas saytaani rajiim"

3- Wax "bismillaahi rahmaani rahiim"

4- Wax: Aamiin.

5- Jàng aw saar ginnaaw faatiha.

6- Biral jàng mi ñeel imaam bi.

7- Wax ginnaaw cant gi: "mil-as samaawaati, wa mil-al ardi, wa mil-a maa siita min say-in bahdu".

8- Bépp sàbbaal bu dolliku ci benn sàbbaal ci sàabbaalu rukoo bi maanaam: ñaareelu sàbbaal bi ak ñatteel bi wala lu ko ëpp.

9- Bépp sàbbaal bu dolliku ci benn sàbbaal ci sàabbaalu sujóot bi.

10- Lépp lu tegu ci benn yoon bi miy wax ci diggante yaari sujóot yi "rabbi ixfir lii"

11-Julli ci waa kër yonente bi ak ñaan ci taaya bu mujj bi.

Ñeenteel bi: sunnay jëf yi, ñu kay woowe ay melokaan:

1- Yékkati yaari loxo ci kàbbaru armal gi.

2- Ak ci rukoo bi.

3- Ak ci yëkkati ku jugee ci rukoo.

4- Ak wàcce leen ginnaaw loolu.

5- Teg loxo ndeyjoor ci kaw loxo càmmooñ bi.

6- Xool ci barab bingay sujóot.

7- Xàjjale diggante yaari tànkam ci taxawaay bi.

8- Ŋëb yaar i loxoom ci yaar i bët i wóomam ci rukoo bi, xàjjale ay waaraamam, tàllal ndiggam, def boppam mu yamoo ak moom.

9- Dëgaral cër i sujóot yi ci suuf te mu jonjoo ak barabu sujóot bi.

10- Soreele ay përëgu loxoom ay wetam, soreele biiram ak ay poojam, niki noonu ay poojam ak ay yeelam, mu xàjjale digante yaari wóomam, te tàqale ay tànkam, mu teg ay waaraam i tànkam ci suuf te tàqale leen, teg yaar i loxoom mu tolloo ak ay waggam, tàllal ay waraamam te sësale leen.

11- Toog ci kaw tànku càmmooñam te samp bu deyjoor ba ci diggante ñaari toogaay yi, ak ci taaya bu njëkk bi, ci taaya bu ñaareel bi nag day lal tànku càmmooñam ci suufu tànku deyjooram tég ay toogoom ci suuf.

12- tàllal yaari loxo yi teg ko ci pooj yi ci digante yaari sujóot yi, niki noonu ci taaya bi waye foofu day ŋëb ay waaraamu loxo ndeyjooram tàllal baaraamu sànnikaay bi ci buy tudd Yàlla.

13- Buy sëlmël mu geestu ndeyjoor ak càmmooñ.

## Limub yiy yàq julli?

1- Bàyyi benn ponk wala benn sart ci sart i julli.

2- Wax ci ag tayeef.

3- Lekk wala naan ci ag tayeef.

4- Yëngatu yu bari te toftaloo.

5- Bàyyi benn warteef ci warteefi julli gi te tay ko.

## Naka la jullit bi di jullee?

Melokaanu julli:

1- Jublu xibla ci sa mbooleem yaram, ci ludul wëlbatiku wala geestu.

2- Ginnaaw ba mu yéene julli gimu jubloo julli ci xolam, ci ludul mu koy wax ci làmmiñam.

3-Ginnaaw ba mu kàbbar kàbbaaru armal daal di wax (allaahu akbar), buy kàabbar mu yékkati ay yoxoom bamu tollo ak i waggam.

4- toppe mu teg biir tenqu loxo ndeyjooram ci kaw bitti ténqu loxo càamooñam ci kaw dënnam.

5- Topp mu sàkkoo ubbi julli gi ci wax lii:" Allaahumma baahid baynii wa bay na xataayaaya kamaa baahadta baynal masrixi wal maxribi, allaahumma naqinii min xataayaaya kamaa yunaqaa sawbul abyadi minad danasi, allaahumma ixsilnii min xataayaaya bil maa-i wassalji wal baradi"

wala mu wax: «Subhaanaka allaahumma wa bi hamdika, wa tabaaraka ismuka, wa tahaala jadduka, wa laa ilaaha xayruka».

6- Toppu mu muslu Yàlla ci saytaane daal di wax:"Ahuuzu billahi minas saytaani rajiim"

7- topp mu tudd Yàlla , daal di jàng faatiha, mu wax:

﴿بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ ١ ٱلۡحَمۡدُ لِلَّهِ رَبِّ ٱلۡعَٰلَمِينَ ٢ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ ٣ مَٰلِكِ يَوۡمِ ٱلدِّينِ ٤ إِيَّاكَ نَعۡبُدُ وَإِيَّاكَ نَسۡتَعِينُ ٥ ٱهۡدِنَا ٱلصِّرَٰطَ ٱلۡمُسۡتَقِيمَ ٦ صِرَٰطَ ٱلَّذِينَ أَنۡعَمۡتَ عَلَيۡهِمۡ غَيۡرِ ٱلۡمَغۡضُوبِ عَلَيۡهِمۡ وَلَا ٱلضَّآلِّينَ ٧﴾ [الفاتحة: ١-٧]

{Bismillaahi rahmaani rahiim* Alhamdu lillaahi rabbil aalamiin* Arrahmaani rahiim* Maaliki yawmid diin* iyyaaka nahbudu wa iyyaaka nastahiin* ihdinas siraatal mustaqiim* siraatal laziina anhamta halayhim xayril maxduubi alayhim waladdaaliin} [saaru faatiha 1–7]

Topp mu wax:(aamiin) moy :yaw Yàlla yal na nga nangu ñaan.

8- Topp mu jàng li jàppandi ci Alxuraan, te mu guddal njàng mi ci jullig suba.

9- Topp mu rukoo, mooy: day sëggal ndiggam ngir màggal Yàlla, mu kàbbar bu dee rukoo, mu yëkkati ay yoxoom ba mu yamoo ak i waggam. liy sunna mooy: mu tàllal ndiggam, def poppam mu tolloo ak moom, mu teg ay yoxoom ci kaw ay wóomam, xàjjale ay waaraamam.

10- mu wax ci rukoo bi: "subhaana Ràbbiyal asiim" ñatti yoon, bu ca dollee: "subhaanakal laahumma wa bi hamdika, allahumma ixfir lii" kon dina gën a baax .

11- Topp mu yëkkati boppam bàyyi koo ci rukoo bi, daal di wax: «samihal laahu liman hamidahu», mu yékkati waale ay yoxoom bam yamoo ak i waggam. Maamum bi nag du wax: "samihal Laahu liman hamidahu", waaye day wax: "Rabbanaa walakkal hamdu".

12- Topp mu wax lii ginnaaw bimu siggee: "Rabbanaa walakkal hamdu, mil-as samaawaati wal-ardi, wa mil-a maa siita min say-in bahdu".

13- Topp mu sujóot sujóot bu njëkk bi, budee sujóot mu wax: "Allaahu akbar", day sujóot ci juróom-ñaar i cëram: jë bi, ak bakkan bi, ak yaar i tenq yi,ak yaar i wóom yi, ak cati ndëggu yi, mu soreele ay përëgam ci ay wetam, te bumu lal ay yoxoom ci suuf, mu jubale ay waaraamam xibla.

14- Mu wax ci sujjóotam: "Subhaana Rabbiyal ahlaa" ñatti yoon, bu ca dollee: "Subhaanakal Laahumma Rabbanaa wa bi hamdika, allahumma ixfir lii" kon mu gën a baax.

15- Mu yékkati boppam bawoo ci rukoo bi, daal di wax: "Allaahu akbar".

16- Topp mu toog ci kaw tànku càmmooñam ci diggante yaari sujóot  yi , mu sàmp tànku ndeyjooram, mu teg loxo ndeyjooram ci kaw pooju ndeyjooram ci wetu wóom bi, mu ŋëb baaraam bu

ndaw bi ak bi ci tege, mu yëkkati baaraamu sànni kaayam di ko yëngal su dee ñaan, mu jël baaraamu déyam lënkale ko ak baaraamu digg bi bamu wërngal, mu teg loxo càmmooñam ci kaw pooju càmmooñam ci wetu wóom bi, tàllal ay waaraamam.

17- Mu wax ci toogaayu digante yaari sujóot yi:"Rabbi ixfir lii, warhamnii, wahdinii, warsuqnii, wajburnii, wa haafinii"

18- Topp mu sujóot sujjóotu ñaareel bi ni ki bu ñëkk ba ci lañu fay wax wala luñu fay def,bu dee sujóot mu kàbbar.

19- Topp mu jóge ci sujóotug ñaareel bi, daal di wax: "Allaahu akbar" mu julli ñatteelu ràkka bi kom nimu jullee ràkka bu ñëkk bi ci luñu fay wax wala ñuko fay def, waaye nag du ca jàng ñaanug ubbi julli.

20- Topp mu toog bu ràkkab ñaareel bi jeexee daal di wax: «Allaahu akbar», daal di toog ni ki mu tooge woon ci diggante yaari sujóot yi.

21- Mu jàng taaya ci toogaay bii, daal di wax:«Attahiyaatu lillaahi wasslawaatu wattayyibaatu, assalaamu alayka ayyuhan nabiyyu wa rahmatullaahi wabarakaatuhu, assalaamu alaynaa wa alaa ibaadillaahi saalihiina, ashadu an laa ilaaha, illallaah, wa ashadu anna Muhammadan abduhu wa rasuuluhu, allaahumma salli alaa Muhammadin wa alaa aali Muhammadin, kamaa sallayta alaa ibraahiima wa alaa aali Ibraahiima, innaka hamiidun majiidun. wa baarik alaa Muhammadin wa alaa aali Muhammadin,kamaa baarakta alaa Ibraahiima wa alaa aali Ibraahiima innaka hamiidun majiidun. ahuuzu billaahi min azaabi jahannama, wa min azaabil xabri, wa min fitnatil mahyaa wal mamaati, wa min fitnatil masiihiddajjaal»,mu ñaan Boroomam lumu bëgg ci yiw i àdduna ak yu allaaxira.

22- Mu sëlmal ci ndeyjooram, daal di wax: «assalaamu alaykum wa rahmatullaahi» ni ki noo nu yit lay def ci càmmooñam.

23- bu julli gi nekkee jullig ñatti ràkka wala ñeent; day taxaw fi taaya bu njëkk bi jeexe, te mooy: "ashadu an laa ilaaha illallaahu, wa ashadu anna Muhammadan abduhuu wa rasuuluhuu".

24- Topp mu jóg daal di wax: "allaahu akbar", yëkkati yaar i loxoom ba mu tolloo ak i waggam.

25- mu jullee li des ci julli gi ni ki mu jullee woon ràkka bu ñaareel bi, waaye nag day yam rekk ci jàng faatiha.

26- mu toog di aji-pooju, samp tànku ndeyjoor bi, génne tànku càmmooñ bi ci suufu tànku ndeyjoor bi, mu dëgëral ab toogoom ci suuf, teg yaari loxoom ci kaw ay poojam ni ki mu ko tege woon ci taayaa bu njëkk bi.

27- ci toogaay bii nag day jàng taaya bi lépp.

28- mu sëlmal ci wetu ndeyjooram ak wetu càmmooñam, daal di wax: " assalaamu alaykum wa rahmatullaahi".

## Yan tudd Yàlla lees di wax ginnaaw sëlmal ci julli gi?

«astaxfirullaaaha» ñatt i yoon.

- «allaahumma antassalaamu wa minkassalaamu, tabaarakta yaa zaljalaali wal ikraami».
- «Laa ilaaha illallaahu wahdahu laa sariika lahu, lahulmulku wa lahulhamdu, wa huwa alaa kulli say in xadiirun, allaahumma laa maaniha limaa ahtayta wa laa muhtiya limaa manahta, walaa yanfahu zaljaddi minkaljadd».
- «Laa ilaaha illallaahu wahdahu laa sariika lahu, lahulmulku wa lahulhamdu, wa huwa alaa kulli say in xadiirun, laa hawla wa laa xuwwata illaa billaahi, laa ilaaha illallaahu, walaa nahbudu illaa iyyaahu, lahunnihmatu wa lahul fadlu wa lahussanaa ul hasanu, laa ilaaha illallaahu muxlisiina lahuddiina wa law karihal kaafiruuna»

-«subhaanallaahi» fanweer i yoon ak ñatt.

«Alhamdu lillaahi» fanweer i yoon ak ñatt.

"Allaahu akbar" fanwéer i yoon ak ñatt.

Mu mataleko téemeer ci wax:"Laa ilaaha illallaahu wahdahu laa sariika lahu, lahulmulku wa lahul hamdu, wa huwa alaa kulli say in xadiirun"

- Mu jàng lixlaas ak falaxi ak naasi ñatti yoon ginnaaw jullig fajar ak jullig timis, buddee yeneen julli yi mu jàng leen bune benn yoon.

- Mu jàng aayatul kursiyyu, benn yoon.

## Yan mooy julli sunna yii nuy wax ay Rawaatib? ak luy seeni ngëneel?

- Yaar i ràkka lu jiitu jullig suba.

Ñeent i ràkka lu jiitu jillig tisbaar.

Yaar i ràkka ginnaaw jullig tisbaar.

Yaar i ràkka ginnaaw jullig timis.

Yaar i ràkka ginnaaw jullig gee.

Ngëneelam: yonente bi neena:"ku julli ci bis bi ak ci guddi gi fukk i ràkka ak yaar ci coobare wu, Yàlla tabaxal ko kër ca aljana"Muslim ak Ahmat soloo nanu ko; ak ñeneen.

## Ban bis mo gën ci ayug bis yi?

Bis u aljuma, yonente bi yal na ko Yàlla dolli jàmm ak mucc, neena:"Bis bi gën ci seen bis yi mooy bis u aljuma, ci lañu bind Aadama, ci lañu ko faat, ci lañu wal ci moom ruu gi, te ci la yuuxug faatu gi di am, deeleen ciy baril lu ngéen di julli ci man, ndax seenug julli dan ma koy gaaral.

neena: ñu ne ko yaw yonente Yàlla bi na ka lañulay gaarale sunug julli ci yaw te fekk funux nga? -maanam ràpp nga- mu wax ne:«Yàlla mu màgg mi dafa araamal ci suuf muy lekk yaram i yonent yi»Abuu Daawuda soloo na ko ak ñeneen.

## Lan mooy àtteb jullig aljuma?

Faratay jëm la ci bepp jullit bu góor, tadib mukallaf, ta am xel, nekk ku tukkuwul.

Yàlla mu kawe mi neena:

﴿يَـٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوٓا۟ إِذَا نُودِىَ لِلصَّلَوٰةِ مِن يَوْمِ ٱلْجُمُعَةِ فَٱسْعَوْا۟ إِلَىٰ ذِكْرِ ٱللَّهِ وَذَرُوا۟ ٱلْبَيْعَ ۚ ذَٰلِكُمْ خَيْرٌ لَّكُمْ إِن كُنتُمْ تَعْلَمُونَ ٩﴾ [الجمعة: ٩]

{Ée yéen way-gëm yi buñ wootee julli ci bisub aljuma na ngeen jëm ca tudd Yàlla ga te bàyyi njaay mi, loolu moo gën ci yéen, ndeem xam ngeen} [Saaru Aljuma 9].

## Lan mooy limu ràkkay jullig aljuma?

Limug ràkkay jullig aljuma yaar i ràkka la, Imaam da ciy biral njàng ma, niki noonu yaari xutba moo koy jiitu moom julli ga.

## Ndax wuute jullig aljuma dagan na? Maanaam baña julliji

Wuute jullig aljuma daganul ci lu dul ngàntul sariiha, juge na ci yonente bi mu wax ne:«Képp ku bàyyi ñatt i aljuma ngir woyofal ko; Yàlla di na tëj ab xolam»Abuu Daawuda soloo na ko ak ñeneen.

## Tuddal sunnaay bisub aljuma?

T-

1- Sangu set.

2- Laal gët (parfum).

3- Sol yéere bu rafet.

4- Teela dem ca jumaa ja.

5- Baril di julli ci yonente bi yal na ko Yàlla dolli jàmm ak mucc.

6- Jàng saaru kahfi.

7- Sooy dem sa jumaa ja nga dox.

8- Nga dàkk waxtuw naggu ñaan.

## 10- Tuddal ngëneelu jullig mbooloo?

Jële nañu ci Abdallaa doomu Omar yal na leen Yàlla dollee gërëm, mune yonente bi neena:"jullig mbooloo moo gën jullig kénn ci ñaar-fukki daraja ak juroom-ñaar"Muslim moo ko soloo

## lan mooy toroxlu ci julli ?

mooy teewug xol bi ak dalug cér yi ci julli gi.

Yàlla mu kawe mi neena:

﴿قَدۡ أَفۡلَحَ ٱلۡمُؤۡمِنُونَ ١ ٱلَّذِينَ هُمۡ فِي صَلَاتِهِمۡ خَٰشِعُونَ ٢﴾ [المؤمنون: ١-٢]

{way gëm yi texe nanu* e ñooy ñiy toroxlu ci seenug julli} [saaru al-Muuminuuna 1-2]

## xamleel azaka?

moom àq ju war la ci alal juñu ko jagleel, ak bis bu ñu ko jagleel ci jamono juñ ko jagleel.

te moom ponk la ci ponk i lislaam yi,di ab sarax bu war, dees koy jël ci way woomal ji jox ko way ñàkk ji.

Yàlla mu kawe mi neena:

﴿... وَءَاتُواْ ٱلزَّكَوٰةَ ... ٤٣﴾ [البقرة: ٤٣]

{joxe leen asaka} [saaru Baqara 43]

## lan mooy sarax bu ñu sopp?

mooy bépp sarax bu dul asaka, lu ci mel ni: sarax bu mu mana doon ci anami yiw yi ci jamono ju mu man a doon.

Yàlla mu kawe mi neena:

﴿وَأَنفِقُواْ فِي سَبِيلِ ٱللَّهِ ... ١٩٥﴾ [البقرة: ١٩٥]

{na ngeen di joxe ci yoonu Yàlla} [saaru Baqara 195]

## xamleel woor?

mooy jaamu Yàlla ci bàyyi lépp luy dogloo li ko dale ci fenkug fajar gi ba ci sowug jant bi, ànd ag yéene, moom nag yaar i xaaj la:

woor gu war: lu ci mel ni weeru koor, moom ponk la ci ponki lislaam yi.

Yàlla mu kawe mi neena:

﴿يَـٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ كُتِبَ عَلَيْكُمُ ٱلصِّيَامُ كَمَا كُتِبَ عَلَى ٱلَّذِينَ مِن قَبْلِكُمْ لَعَلَّكُمْ تَتَّقُونَ ١٨٣﴾ [البقرة: ١٨٣]

{Ée yéen way gëm ñi farataalees na ci yéen woor na ka ñu ko farataale woon ci ñi leen jiitu woon amaana ngeen ragal Yàlla 183} [saaru Baqara 183]

ak koor gudul farata: lu ci mel ni woor Altine ak alxamis ci ayu bis bu ne, ak woor ñatt bis ci weer wu ne, li ci gën nag mooy bis yu leer yi(13, 14,15) ci weer wu ne.

## tuddal ngëneelu woor weeru koor?

jële nañu ci Abuu hurayra, yal na ko yàlla dollee gërëm, Yónente bi- yal na ko Yàlla dolli jàmm ak mucc- , neena:"képp ku woor weeru koor ci gëm ak yaakaar yiw; dees na ko jéggal li jiitu ci ay bàkkaaram"Buxaari ak Muslim dëppoo na ñu ci.

## tuddal ngëneelu woorug coobare wu ci ludul weeru koor?

jële na ñu ci Abii sahiid alxudrii -yal na ko Yàlla dolle gërëm- neena: Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli jàmm ak mucc- neena:"amul benn jaam buy woor benn bis ci yoonu Yàlla, lu dul ne Yàlla di na musal jëmmam ci sawara juróom-ñaar fukki nawet ngir bis boobu" Buxaari ak Muslim dëppoo na ñu ci.

Maanaam "juroom-ñaar fukk i nawet" mooy: juroom- ñaar fukk i at.

## tuddal yenn ci liy yàq koor?

1- lekk wala naan te tay ko.

2- waccu te tay ko.

3- génn ci lislaam.

## yan ñooy sunnay koor?

1- gaawa dog.

2- xëdd te yeexe ko.

3-yokk jëf yu baax yi ak jaamu yi.

4- wax ji ki woor di wax bees koo saagaa: man damaa woor.

5- ñaan jamonoy dog.

6- doge tàndarma ju tooy wala ju wow, bu ko amul mu doge ndox.

## xamleel aj?

aj: ak jaamu la ngir Yàlla mu kawe mi, ci jublu néegam bu nu wormaal ci ay jëf yuñuko jagleel, ci wax tu wuñuko jagleel.

Yàlla mu kawe mi neena:

﴿... وَلِلَّهِ عَلَى ٱلنَّاسِ حِجُّ ٱلۡبَيۡتِ مَنِ ٱسۡتَطَاعَ إِلَيۡهِ سَبِيلٗاۚ وَمَن كَفَرَ فَإِنَّ ٱللَّهَ غَنِيٌّ عَنِ ٱلۡعَٰلَمِينَ ٩٧﴾ [آل عمران: ٩٧]

{war na ci nit ñi ñeel Yàlla aji néegub yàlla ba benn yoon ci kuko man, ku weddi nag Yàlla moom doylu na walif mbindeef yépp} [saaru aali himraan 97]

## limal ponk i aj yi?

1- armal.

2- taxaw arafaat.

3- wër Kaaba gi wërug bëbb ga.

4- dox digante safaa ak marwa.

## lan mooy ngëneelu aj?

jële na ñu ci Abii hurayra -yal na ko Yàlla dollee gërëm-, neena: dégg naa Yónente bi Yàlla na ko Yàlla dolli jàmm ak mucc, mu wax ni:"képp ku aj ngir Yàlla, te beejul sëyul deful ag kàccoor; dana dellu mel ni bis bi ko yaayam jure woon"Buxaarii ak Muslim ñoo ko soloo ak Keneen.

"mel ni bis bi ko yaayam jure woon" maanaam ci ludul benn bàkkaar.

## xam leel umra?

umra: mooy jaamu Yàlla mu kawe mi ci jublu néegam ba nu wormaal ci ay jëf yees ko jagleel ci waxtu wun ko jagleel.

## limal ponk i umra?

1- armal.

2- wër néeg ba( Kaaba gi)

3- dox digante safaa ak marwa.

## lan mooy jihaad?

mooy def ay coono ak sa kem kàttan ci tasaare lislaam ak yiir ko moo ki ñoñam, wala rayante ak noon i lislaam ak i ñoñam.

Yàlla mu kawe mi neena:

﴿ٱنفِرُواْ خِفَافًا وَثِقَالًا وَجَٰهِدُواْ بِأَمۡوَٰلِكُمۡ وَأَنفُسِكُمۡ فِي سَبِيلِ ٱللَّهِۚ ذَٰلِكُمۡ خَيۡرٞ لَّكُمۡ إِن كُنتُمۡ تَعۡلَمُونَ ٤١﴾ [التوبة: ٤١]

{na ngéen di jihaad ci yoonu Yàlla ci seen alal ak seen bakkan, loolu moo gën ci yéen ndeem xam ngeen} [saaru attawba 41]

*******

## xaajub jaar–jaaru Yónente bi.

### Lan mooy askanu Yónente bi -yal la na ko Yàlla dolli jàmm ak mucc-?

Moom mooy Muhammat doomu Abdu Laahi doomu Abdul Mutallib doomu Haasim té Haasim ci xuraysin la bokk, xuraysin bokk ci araab yi, araab yi bokk ci sëti Ismaahiil, te Ismaahiil doomu Ibraahiima la yal jàmm ak mucc nekk ci moom ak ci sunu yónente.

### lan mooy turu yaayu sunu yónente yal na Yàlla dolli ko jàmm ak mucc?

Aaminatu doomu Wahbin.

### kañ la baayu Yónente bi faatu?

baayam faatu na ca Madiina fekk Yónente bi juddoogul.

### kañ la Yónente bi judd ?

ci atum ñay ya, bisu altine, ci weeru gàmmu.

### ci ban dëkk la juddoo?

ci Makka.

### ñan ñoo ko nàmpal ku dul yaayam?

jaamu baayam ba Ummu ayman.

- jaamu baay-txam bi Abuu lahab, Suwaybatu.
- Halimatu Sahdiya

### kañ la yaayam faatu?

yaayam mi ngi faatu bi muy am juroom benn i at, maamam Abdul Muttalib yor ko.

### kan moo ko yor ginnaaw bi maamam Abdul Muttalib faatoo?

maamam Abdul Muttalib mi ngi faatu bi miy am juroom-ñatti at, baay-taxam Abuu Taalib yor ko.

**kañ la tukki wóon ànd ak baay-taxam ca Saam?**

tukki na ànd ak baay-taxam ca Saam bi miy am fukki at ak ñaar.

**kañ la woon ñaareelu tukkeem bi?**

ñaareelu tukkeem bi ci yaxantu ( commerce) la woon ci alali Xadiijatu -yal na ko Yàlla dolli ngërëm-, bi mu dellusée daal di koy takk soxna, booba mi ngi am ñaar-fukk i at ak juroom.

**kañ la xuraysin tabaxaat kaaba gi?**

Xuraysin tabaxaat na kaaba gi bi miy am fanweer i at ak juroom.

ñu àtte loo ko ba ñu wuutee ci kuy teg xeer wu ñuul wi, mu teg ko ci ab sër, daaldi digal xeet wu ne mu jàpp ci benn cat ci sër bi, ñu nekkoon ñeent i xeet, bin ko yëkkatee ba ca bërëbam, mu yëkkëtiko ci loxoom teg ko ca barabam.

**ñaata at la amoon bi ñu ko yónni ? ak ci ñan la ñu ko yónni ?**

mi ngi amonn ñeent-fukki at, ci nit ñépp lan ko yónni, muy Aji- bégle aka xuppe.

**nan la wahyu wi tàmbalee ci moom?**

gént gu dëggu, daawul gént dara ludul ne loolu dina am ba mel ni leerug suba.

**na ka la meloon lu jiitu wahyu wi? ak kañ la wahyu wi njëkk a wàcce ci moom?c**

da doon jaamu yàlla ca xuntuw Hiraa wa, daan yor yobbal am.

wahyu bi wàcci ci moom fekk mingi ci xunt wi di jaamu Yàlla.

**lan moo njëkk a wàcci ci Alxuraan?**

wax i Yàlla ji:

﴿ٱقۡرَأۡ بِٱسۡمِ رَبِّكَ ٱلَّذِي خَلَقَ ١ خَلَقَ ٱلۡإِنسَٰنَ مِنۡ عَلَقٍ ٢ ٱقۡرَأۡ وَرَبُّكَ ٱلۡأَكۡرَمُ ٣
ٱلَّذِي عَلَّمَ بِٱلۡقَلَمِ ٤ عَلَّمَ ٱلۡإِنسَٰنَ مَا لَمۡ يَعۡلَمۡ ٥﴾ [العلق: ١-٥]

{Jàngal ci sa tur u boroom bi Nga xam ne mo bind* Moo bind nit ci lumbu dereet* Jàngal, sa boroom mooy ki gëna tedd* Mooy kiy xamle ci xalima* Xamal Na nit lumu xamul woon} [saaru al-halaqi 1-5]

"iqra bismi ràbbi kal lazii xalaxa* xalaxal insaana min halaqin* iqra wa rabbukal akramu* allazii hallama bilxalami* hallamal insaana maa lam yahlam"

## kan moo ñëkka gëm ag yónentem ?

ci góor ñi: Abuu bakrin Assiddiix, ci jingéen ñi: Xadiijatu doomu Xuwaylidin, ci xale yi: Aliyun doomu Abii taalib, bu dee ci jaam yiñ goreel: Zaydu doomu Haarisatu, ci jaam yi gore wul: Bilaal ma dëkk Ecopi, yal na leen Yàlla dolli ngërëm, ak ñeneen.

## na ka la wooteb lislaam bi meloon?

woote bi ci suuf la woon diirub ñatti at, ginnaaw ga ñu digal Yónente bi -yal na na ko Yàlla dolli jàmm ak mucc- ngir mu biral ko.

## Naka la Yónente bi nekkewoon ak kan mooko gëm ginnaaw bimu biralee woote bi?

bokkaalekat yi dañoo ëppal ci di ko lor ak di lor jullit ñi, ba mujj mu digël way gëm yi ñu gàddaay jëm ca An-najaasi ca ecopi.

bokkale kat yi dëppoo ci ray yónente bi Yàlla aar ko peege ko baay tëxam ba Abuu taalib ngir mu aar ko ci ñoom.

## kan moo faatu ci atum fukkeel ginaaw yónnig yònente bi-yal na ko Yàlla dolli jàmm ak mucc?

baay taxam ba Abuu taalib, ak soxnaam sa Xadiijatu yal na ko Yàlla gërëm.

**kañ la rañaan gi amoon ak yéeg gi?**

bi mu amee juróom-fukki at, ñu farataal ci moom julliy juróom.

raañaan gi: mooy juge jàkka ja ca màkka dem ca jàkka ja ca Falastiin

yéeg gi: mooy bawoo jàkkay Falastiin dem ci asamaan sa, ba ci sidratul muntahaa.

**na ka la yònente bi doon woowe nit ñi ci bitti màkka?**

daa na woo waa Taayif di leen gaaral boppam ci xew-xew yi ak ndajeey nit ñi, ba waa ansaar yi dëkk Maddina ñëwee daal di koy gëm jaayante ak moom ci diko dimbali .

**ñaata at la Yónente bi nekk Màkka di woote?**

nekk na fa fukki at ak ñatt.

**fan la gàddaay jëm?**

jòge Màkka dem Maddiina.

**ñaata at la am Maddiina?**

fukki at.

**yan attey lislaam lan farataal ci moom ca Maddiina?**

farataalees na ci moom Asaka, ak koor, ak aj Màkka, ak jihaad, ak nodd, ak yeneen atttey lislaam.

**yan xare ñoo gëna am solo Si xare yi Yónente bi def.**

xare badar bu mag ba.

xare uhud.

xare ahzaab.

xareb ubbi Màkka.

**lan moo mujjee wàcc ci Alxuraan?**

wax i Yàlla ji:

﴿وَٱتَّقُواْ يَوۡمٗا تُرۡجَعُونَ فِيهِ إِلَى ٱللَّهِۖ ثُمَّ تُوَفَّىٰ كُلُّ نَفۡسٖ مَّا كَسَبَتۡ وَهُمۡ لَا يُظۡلَمُونَ ٢٨١﴾ [البقرة: ٢٨١]

{ragalleen bis banu leen i delloo ca seen Boroom kenn ku nekk ñu fay ko la mu jëfoon te ñoom kenn du leen tooñ} [saaru Baqara 281]

### kañ la Yónente bi faatu? ak ñaata at la amoon?

mi ngi faatu ci weeru gàmmu ci atum fukkeel ba ak benn ci gàddaay gi, mi ngi amoon juróom-benn i fukki at ak ñatt.

### tuddal soxnay Yónente bi?

1- Xadiijatu doomu Xuwaylidin yal na na ko yàlla gërëm.

2- Sawdatu doom i Zamhatu Yàlla na ko Yàlla gërëm.

3- Aysatu doom i Abuu bakar yal na ko Yàlla gërëm.

4- Hafsatu doom i Omar yal na ko Yàlla gërëm.

5- Sëynabu doom i Xusaymatu yal na ko Yàlla gërëm.

6- Ummu Salamata Hindu doom i Abii umayyata yal na ko Yàlla gërëm.

7- Ummu Habiibata doom i Abuu sufyaana yal na ko Yàlla gërëm.

8- Juwayriyatu doom i Alhaaris yal na ko Yàlla gërëm.

9- Maymuunatu doom i Alhaaris yal na na ko Yàlla gërëm.

10- Safiyyatu doom i Huyay yal na ko Yàlla gërëm.

11- Zaynabu doom i Jahsin yàlla nako yàlla gërëm

### ñan ñooy ay doomam?

goor ñi ñatt la ñu:

Al-xaasimu, te ci moom lañu ko doon Dàkkantale.

ak Abdulla

ak Ibraahimu

bu dee jigéen ñi:

Faatimatu.

Ruqiyatu.

Ummu kalsuum.

Zaynabu.

doomam yëpp Xadiijatu moo leen jur, bam des Ibraahima, te ñoom ñépp a ko njëkka faatu bam des Faatimatu, mi ngi faatu. ginnaawam ci juroom-benni weer.

## tuddal yenn ci melokaanu jëmmi Yónente bi:

Nekkoon na ku digg dóomu ci góor ñi, gàttul guddul waaye ci diggante bi la yamoon, dafa weexoon waye raxale xonq -yal na mucc ak jàmm nekk ci moom-, ku sëqoon sikkim la woon, yaatu woon ay gët, yaatu woon gémmiñ, kawar ga ñuuloon kukk, mu yaatu woon ay wagg, neexoon xet, ak yu dul yooyu ci ay mbindiin yu rafet.

## ci lan la Yónente bi bàyyi aw xeetam?

bàyyi na aw xeetam ci aw xàll wu yaatu te leer, ag guddeem mel ni bëccëgam, kenn du ca ñàkka jaar lu dul ku alku, bàyyiwul benn yiw ludul ni tegtal na ko xeet wi, wala wenn ay lu dul moytuloo na ko xeet wi.

*******

## xaajub pirim alxuraan:

### jàngal faatiha te firi ko?

saaru faatiha ak fireem:

﴿بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ ١ ٱلۡحَمۡدُ لِلَّهِ رَبِّ ٱلۡعَٰلَمِينَ ٢ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ ٣ مَٰلِكِ يَوۡمِ ٱلدِّينِ ٤ إِيَّاكَ نَعۡبُدُ وَإِيَّاكَ نَسۡتَعِينُ ٥ ٱهۡدِنَا ٱلصِّرَٰطَ ٱلۡمُسۡتَقِيمَ ٦ صِرَٰطَ ٱلَّذِينَ أَنۡعَمۡتَ عَلَيۡهِمۡ غَيۡرِ ٱلۡمَغۡضُوبِ عَلَيۡهِمۡ وَلَا ٱلضَّآلِّينَ ٧﴾ [الفاتحة: ١–٧]

{bismillahir rahmaanir rahiimi* alhamdu lillaahi rabbil haalamiina* arrahmaanir rahiimi* maaliki yaw mid diini* iyyaa ka nahbudu wa iyyaa ka nastahiinu* ihdinas siraatal mustaxiima* siraatal laziina anhamta halayhim* xayril maxdoobi halayhim waladdaalliina} [saaru faatiha 1–7]

Piri mi:

tudde nan ko saaru faatiha; ngir li ñu ko ubbee téereb Yàlla bi.

1-{bismil Lahir rahmaanir rahiimi 1} ci turu Yàlla laay tàmbalee jàng Alxuraan, di ko dimbandikoo moom Yàlla mu kawe mi, di baarkellu ci tud turam wi.

{Allaahi} maanaam: ki ñiy jaamu ci dëgg, te deesu ko tudde ku dul moom Yàlla mu sell mi.

{Arrahmaani} maanaam: boroom yërmande ju yaatu ji nga xamne yërmandeem daj na lépp.

{Arrahiimi} mooy: boroom yërmande ñeel way gëm yi

2- {alhamdu lillaahi Rabbil haalamiina 2} mooy: mbooleem xeet i cant  yi ñeel na Yàlla moom rekk.

3- {Arrahmasni arrahiimi 3} mooy: boroom yërmande ju yaatu ji xajoo lépp, di boroom yërmande jiy jokk ñeel way gëm yi.

4- {maaliki yawmiddiini 4} mooy buur bis-pénc.

5- {Iyyaaka nahbudu wa iyyaa ka nastahiinu 5} maanaam: yaw rekk la niy jaamu te yaw rekk la niy dimbandikoo.

6-{ihdinas siraatal mustaxiima 6} mooy gindi ku ci lislaam ak sunna

7-{siraatal laziina anhamta halayhim xayril maxduubi halayhim waladdaalliina 7} mooy yoonu jaam i Yàlla yu sell yi mooy Yónente yi ak ñi leen topp, walis yoonu nasaraan yi ak yahuud yi.

- dees na sopp ginnaw bunu ko jàngee nu wax "aamiin" maanaam: nangul sunu ñaan.

## jàngal saaru az-zalzalatu te fi ri ko?

saaru az-zalzalatu ak um pireem:

bismillahir rahmaanir rahiimi.

﴿إِذَا زُلۡزِلَتِ ٱلۡأَرۡضُ زِلۡزَالَهَا ١ وَأَخۡرَجَتِ ٱلۡأَرۡضُ أَثۡقَالَهَا ٢ وَقَالَ ٱلۡإِنسَٰنُ مَا لَهَا ٣ يَوۡمَئِذٖ تُحَدِّثُ أَخۡبَارَهَا ٤ بِأَنَّ رَبَّكَ أَوۡحَىٰ لَهَا ٥ يَوۡمَئِذٖ يَصۡدُرُ ٱلنَّاسُ أَشۡتَاتٗا لِّيُرَوۡاْ أَعۡمَٰلَهُمۡ ٦ فَمَن يَعۡمَلۡ مِثۡقَالَ ذَرَّةٍ خَيۡرٗا يَرَهُۥ ٧ وَمَن يَعۡمَلۡ مِثۡقَالَ ذَرَّةٖ شَرّٗا يَرَهُۥ ٨﴾

[الزلزلة: ١–٨]

{izaa zulzilatil ardu zilzaalahaa* wa axrajatil ardu asxaalahaa* wa xaalal insaanu maa lahaa* yawma-izin tuhaddisu axbaarahaa* bi-anna rabbaka awhaa lahaa* yawma-izin yasdurun naasu astaatan liyuraw ahmaalahum * faman yahmal misxaala zarratin xayran yarahu* waman yahmal misxaala zarratin sarran yarahu} [saaru az-zalzalatu 1-8]

Piri mi:

1-{Izaa zulzilatil ardu zilzaalahaa 1} ëy bees yëngalee suuf si yëngatu gu tar gay xew ca taxawaayu bis-pénc ba.

2- {wa axrajatil ardu asxaalahaa 2} suuf si génne lépp lu nekk ci biiram ci way dee yi ak lu dul ñoom.

3- {wa xaalal insaanu maa lahaa 3} nit di wax ngir jaaxle: naan luy mbirum suuf si ba tax muy yëngatu a ka baj-baji?!

4- {yawma-izin tuhaddisu axbaarahaa 4} ci bis bu màgg boobu suuf si di na xibaare lépp lu ñu masa def ci kawam ci yiw wala safaan.

5- {bi-anna rabbaka awhaa lahaa 5} ndax Yàlla moo ko xamal digal ko loolu.

6-{yawma-izin yasdurun naasu astaatan liyaraw ahmaalahum 6} ci bis bu màgg boo bu suuf si di yëngatu, nit ñi da ñiy génn ci taxawaayu saytu ga di ay kurel ngir gis seen jëf yin jëfóon ci àdduna.

7- {faman yahmal misxaala zarratin xayran yarahu 7} képp ku jëf lu yamoog yamb wu ndawa ndaw ci lu yiw ak lu baax di na ko gis.

8- {waman yahmal misxaala zarratin sarran yarahu 8} képp ku def lu tollu noona ci ay jëf yu ñaaw di na ko gis.

jàngal saaru haadiyaat te firi ko:

saaru haadiyaati ak um pireem:

bismillahir rahmaanir rahiimi.

﴿وَٱلْعَٰدِيَٰتِ ضَبْحًا ١ فَٱلْمُورِيَٰتِ قَدْحًا ٢ فَٱلْمُغِيرَٰتِ صُبْحًا ٣ فَأَثَرْنَ بِهِۦ نَقْعًا ٤
فَوَسَطْنَ بِهِۦ جَمْعًا ٥ إِنَّ ٱلْإِنسَٰنَ لِرَبِّهِۦ لَكَنُودٌ ٦ وَإِنَّهُۥ عَلَىٰ ذَٰلِكَ لَشَهِيدٌ ٧ وَإِنَّهُۥ لِحُبِّ
ٱلْخَيْرِ لَشَدِيدٌ ٨ ۞ أَفَلَا يَعْلَمُ إِذَا بُعْثِرَ مَا فِى ٱلْقُبُورِ ٩ وَحُصِّلَ مَا فِى ٱلصُّدُورِ ١٠ إِنَّ
رَبَّهُم بِهِمْ يَوْمَئِذٍ لَّخَبِيرٌۢ ١١﴾ [العاديات: ١-١١]

{walhaaditaayi dabhan* falmuuriyaati xadxan* falmuxiiraatu subhan* fa asar na bihii naqhan* fawasatna bihii jamhan* innal-insaana lirabbihii lakanuudun* wa innahu halaa zaalika lasahiidun*

wa innahu lihubbil xayri lasadiidun* afalaa yahlamu izaa buhsira maa filxubuuri* wa hussila maa fis-suduuri* inna rabbahum bihim yawma izin laxabiirun} [saaru al-haadiyaati 1-11]

Piri mi:

1- {walhaaditaayi dabhan 1} Yàlla giñ na ci fas yiy daw ba ñiy dégg ci moom kàddu ngir daw yu tar.

2-{falmuuriyaati xadxhan 2} mu giñaat ci fas yiy daw ba ay weyam, bu laalee xeer yi sax da ciy taal sawara ngir nañuy dawee namu taree.

3- {falmuxiiraatu subhan 3} mu giñaat ci fas yiy song noon ya ci suba si.

4- {fa-asarna bi hii naqhan 4} bu ñuy daw di jeqi pënd bi.

5- {fawasatna bi hii jamhan 5} ñuy diggu mbooloo noon ya ci seen i gawar.

6- {innal-insaana li Rabbi hii lakanuudun 6} nit déy aji-ñàkka def la ci yiw wi Borom am bëgg ci moom.

7- {wa-innahu halaa zaa li ka lasahiidun 7} te sax moom aji-seede la ci ñàkka def yiw ga, du ko sax man a weddi ndax ak leeram.

8- {wa-innahu lihubbil xayri lasadiidun 8} te moom ag jéggi dayoom ci bëgg alal tax na da ciy nay.

9- {afalaa yahlamu izaa buhsira maa fil xubuuri 9} xanaa nit kii di woru ci dundug àdduna dafa xamul ne bu Yàlla dekkilee way-dee yi ba génne leen ci suuf ngir saytu ak fay mbir yi du deme nam fooge woon?!

10- {wa hussila maa fis-suduuri 10} ñu fésal daal di leeral li ci biir xol yi ci ay yéene ak i pas-pas ak yaneen.

11-{inna rabbahum bi him yawma-izin laxabiirun 11} séen Boroom de aji-deñ kumpa la ci bis boobu, darra du ko nëbbu ci mbir i jaam ñi te di na leen fay lépp.

## jàngal saaru alxaariha te firi ko:

saaru alxaariha ak firéem:

bismillahir rahmaanir rahiimi.

﴿ٱلۡقَارِعَةُ ١ مَا ٱلۡقَارِعَةُ ٢ وَمَآ أَدۡرَىٰكَ مَا ٱلۡقَارِعَةُ ٣ يَوۡمَ يَكُونُ ٱلنَّاسُ كَٱلۡفَرَاشِ
ٱلۡمَبۡثُوثِ ٤ وَتَكُونُ ٱلۡجِبَالُ كَٱلۡعِهۡنِ ٱلۡمَنفُوشِ ٥ فَأَمَّا مَن ثَقُلَتۡ مَوَٰزِينُهُۥ ٦ فَهُوَ فِي
عِيشَةٖ رَّاضِيَةٖ ٧ وَأَمَّا مَنۡ خَفَّتۡ مَوَٰزِينُهُۥ ٨ فَأُمُّهُۥ هَاوِيَةٞ ٩ وَمَآ أَدۡرَىٰكَ مَا هِيَهۡ ١٠ نَارٌ
حَامِيَةُۢ ١١﴾ [القارعة: ١-١١]

{alxaarihatu* maal xaarihatu* wa maa adraaka mal xaariatu* yaw ma yakuunun naasu kalfaraasil mabsuusi* wa takuunul jibaalu kalhihnil makfuusi* fa-amma man saxulat mawaaziinuhu* fahuwa fii hiisatin raadiyatin* wa-ammaa man xaffat mawaaziinuhu* fa-ummuhu haawiyatun * wamaa adraaka maahiya* naarun haamiyatun} [saaru alxaarihatu 1-11]

Piri mi:

1-{ Alxaarihatu 1} jamono ja nga xam ne day fëgg xol i nit ñi ngir màggug tiitaangeem ya.

2- {maal xaarihatu 2} Lan mooy jamono jii di fëgg xol i nit ñi ngir màggug tiitàngeem ya ?

3- {wa maa adraaka 3} Ana lan moo la xamal -yaw yónente bi- luy jamono jii di fëgg xol i nit ñi ngir màggug tiitàngeem ya?! mooy bisu taxawaay ba

4- {yaw ma yakuunun naasu kalfaraasil mabsuusi 4} bis bay fëgg xolu nit ñi ñuy mel ni ay lëppaalëpp yu tasaaroo ci wàll wu ne.

5- {wa takuunul jibaalu kalhihnil manfuusi 5} tund doj yi day mujj mel ni ngëndal bu nooy nepp ci woyofug dawam ga ak yëngatoom ga.

6- {fa-amma man saxulat mawaaziinuhu 6} képp ku ay jëfam yu sell not ay jëfam yu ñaaw.

7- {fahuwa fii hiisatin raadiyatin 7} koo ku de ma nga ca dund guñu gërëm mukoy am ca biir àljana.

8- {wa-ammaa man xaffat mawaaziinuhu 8} képp ku ay jëfam yu ñaaw not ay jëfam yu rafet.

9- {fa-ummuhu haawiyatun 9} dëkkuwaayam ak saxuwaayam bisub taxawaay ba mooy jahannama.

10- {wamaa adraaka maahiya 10} ana lan moo la xamal -yaw yònente bi- loolu mooy lan?

11- {naarun haamiyatun 11} aw sawara la wu tàng jér.

jàngal saaru attakaasuru te firi ko?

saaru attakaasuru ak um piréem:

bismillahir rahmaanir rahiimi.

﴿أَلۡهَىٰكُمُ ٱلتَّكَاثُرُ ١ حَتَّىٰ زُرۡتُمُ ٱلۡمَقَابِرَ ٢ كَلَّا سَوۡفَ تَعۡلَمُونَ ٣ ثُمَّ كَلَّا سَوۡفَ تَعۡلَمُونَ ٤ كَلَّا لَوۡ تَعۡلَمُونَ عِلۡمَ ٱلۡيَقِينِ ٥ لَتَرَوُنَّ ٱلۡجَحِيمَ ٦ ثُمَّ لَتَرَوُنَّهَا عَيۡنَ ٱلۡيَقِينِ ٧ ثُمَّ لَتُسۡـَٔلُنَّ يَوۡمَئِذٍ عَنِ ٱلنَّعِيمِ ٨﴾ [التكاثر: ١-٨]

{Alhaakumut takaasuru* hattaa zurtumul maxaabira* kallaa sawfa tahlamuuna* summa kallaa sawfa tahlamuuna* kallaa law tahlamuuna hilmal yaxiini* latarawunnal jahiima* summa latarawunnahahaynal yaxiini* summa latus-alunna yawma izin haninnahiimi} [saaru attakaasuru 1-8]

Piri mi:

1- {alhaakumut takaasuru 1} li leen soxol de-yéen nit ñi-mooy ëppulaante ci alal ak i doom ba toppoo leen Yàlla.

2- {hattaa zurtumul maxaabira 2} ba faf ngeen dee dugg ca bàmmeel ya.

3- {kallaa sawfa tahlamuuna 3} ëppulaante de waru leen a soxlaal walif topp Yàlla, da ngeen xalseta xam mujjug soxlaal googu de.

4- {summa kallaa sawfa tahlamuuna 4} te it di ngeen xalseta xam ag mujjam de.

5- {kallaa law tahlamuuna hilmal yaxiini 5}: ca dëgg-dëgg bu ngeen xamoon xam-xam bu wér ni dees na leen dekkil ngeen jëm fa yàlla, xamit ne moom da na leen fay seen i jëf, kon de ëppulaante ci alal ak i doom du leen soxlaal.

6- {latarawunnal jahiima 6} giñ naa ci yàlla ni bisub taxawaay ba da ngeen gis safara.

7-{summa latarawunnahaa haynal yaxiini 7} te it xalset ngeen koo gis gis gu wér ci ludud sikk-sàkka.

8- {Summa latus alunna yawma-izin haninnahiimi 8} te bis boobee Yàlla da na leen laaj bépp xéewal bumu leen xéewale woon ci wér ak koom ak yeneen.

jàngal saaru alhasri te firi ko:

saaru alhasri ak um piréem:

bismillahir rahmaanir rahiimi.

﴿وَٱلۡعَصۡرِ ١ إِنَّ ٱلۡإِنسَٰنَ لَفِي خُسۡرٍ ٢ إِلَّا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ وَعَمِلُواْ ٱلصَّٰلِحَٰتِ وَتَوَاصَوۡاْ بِٱلۡحَقِّ وَتَوَاصَوۡاْ بِٱلصَّبۡرِ ٣﴾ [العصر: ١-٣]

{walhasri* innal insaana lafii xusrin* illal laziina aamanuu wahamilus saalihaati watawaasaw bilhaqi watawaasaw bissabri} [saaru alhasri 1–3]

Piri mi:

1-{walhasri 1} Yàlla mu sell mi giñ na ci jamono.

2- {innal insaana lafii xusrin 2} maanaam nit ñéppa ñoo ngi ci alkànde.

3- illallaziina aamanuu wahamilus saalihaati watawaasaw bilhaqi watawaasaw bissabri 3} ludul way gëm ñi tay jëf lu baax, ànd ak loolu ñuy woote ci dëgg ak ci muñ, ñooñu ñooy ñiy mucc ci ag pertange

**jàngal saaru alhumazatu te firi ko?**

sarru alhumazatu ak piréem:

bismillahir rahmaanir rahiimi.

﴿وَيۡلٞ لِّكُلِّ هُمَزَةٖ لُّمَزَةٍ ١ ٱلَّذِي جَمَعَ مَالٗا وَعَدَّدَهُۥ ٢ يَحۡسَبُ أَنَّ مَالَهُۥٓ أَخۡلَدَهُۥ ٣
كَلَّاۖ لَيُنۢبَذَنَّ فِي ٱلۡحُطَمَةِ ٤ وَمَآ أَدۡرَىٰكَ مَا ٱلۡحُطَمَةُ ٥ نَارُ ٱللَّهِ ٱلۡمُوقَدَةُ ٦ ٱلَّتِي تَطَّلِعُ عَلَى
ٱلۡأَفۡـِٔدَةِ ٧ إِنَّهَا عَلَيۡهِم مُّؤۡصَدَةٞ ٨ فِي عَمَدٖ مُّمَدَّدَةِۭ ٩﴾ [الهمزة: ١–٩]

{waylun likulli humazatin lumazatin* allazii jamaha maalan wahaddadahu* yahsabu anna maalahu axladahu* kallaa layunbazana filhutamati* wamaa adraaka maalhutamati* naarul laahil muuxadatu* allatii tattalihu halal af–idati* innahaa halayhim musadatun* fii hamadin mumaddadatin} [saaru alhumazatu 1–9]

Piri mi:

1- {waylun likulli humazatin lumazatin 1} toroxtaange ak tar-tar i mbugal ñeel na ñiy jëw nit ñi ak di leen jam.

2- {Allazii jamaha maalan wahaddadahu 2} ki nga xam ne yitteem mooy dajale alal rekk ak di ko lim, amul beneen yitte bu dul boobu.

3- {Yahsabu anna maalahu axladahu 3} dafa njort ne alalam ji miy dajale dana ko musal ci dee, mu sax ci dundug àdduna gi.

4-{kallaa layunbazana filhutamati 4} mbir mi demewul niko way-sànku ji fooge de, dees na ko sànni ci biir sawaraw jahannama bi nga xam ne day dëbb di dammate lépp lunu ca sànni ngir tarug jafe-jafeem.

5- {wa maa adraaka maalhutamati 5} ana lan moo lay xamal -yaw yònente bi- lan mooy sawara wii di dammate lépp lunu ca sànni?!

6- {naarul laahil muuxadati 6} mooy sawaraw Yàlla wa ñu taal.

7- {Allatii tattalihu halal af-idati 7} way allawtiku yaram i nit ña ba ca xol ya.

8- {innahaa halayhim musadatun 8} ña ñiy mbugal dees na leen fa tëj.

9- {fii hamadin mumaddadatin 9} ci ay kenoy sawara yu ñu tàllal mu gudd lool ba du ñu fa génn.

## jàngal saaru alfiili te firi ko?

saaru alfiilu ak um piréem:

bismillahir rahmaanir rahiimi.

﴿أَلَمْ تَرَ كَيْفَ فَعَلَ رَبُّكَ بِأَصْحَٰبِ ٱلْفِيلِ ١ أَلَمْ يَجْعَلْ كَيْدَهُمْ فِي تَضْلِيلٍ ٢ وَأَرْسَلَ عَلَيْهِمْ طَيْرًا أَبَابِيلَ ٣ تَرْمِيهِم بِحِجَارَةٍ مِّن سِجِّيلٍ ٤ فَجَعَلَهُمْ كَعَصْفٍ مَّأْكُولٍ ٥﴾

[الفيل: ١-٥]

{alam tara kayfa fahala rabbuka bi-ashaabil fiili* alam yajhal kaydahum fiitadliilin* wa arsala halayhim tayran abaabiila* tarmiihim bihijaaratin min sijjiilin* fajahalahum kahasfin makuulin} [saaru alfiilu 1-5]

Piri mi:

1- {alam tara kayfa fahala rabbuka bi-ashaabil fiili 1} xanaa xamóo -yaw Yónente bi- naka la sa boroom def Abrahata ak ay gaay am boroom ñay ya ban nammee màbb kaaba ga?!

2- {alam yajhal kaydahum fiitadliilin 2} Yàlla def na seen pexe yu ñaaw yañu tëroon ngir màbb kaaba ga mu naaxsaay, lan

nammoon ci wëlbati nit ñi walif kaaba ga amuñu ko, te defuñu ci kaaba gi darra.

3- {wa arsala halayhim tayran abaabiila 3} mu yabal ci seen kaw ay picci yoy dikkal nanu leen di ay mbooloo.

4- {tarmiihim bihijaaratin min sijjiilin 4} ñu leen di sànni ay xeer yu wow koŋŋ

5- {fajahalahum kahasfin makuulin 5} Yàlla def leen ni ay xob i garab yu daaba yi lekk ba joggate ko.

jàngal saaru xuraysin te firi ko?

saaru xuraysin ak um piréem:

bismillahir rahmaanir rahiimi.

﴿لِإِيلَٰفِ قُرَيۡشٍ ١ إِۦلَٰفِهِمۡ رِحۡلَةَ ٱلشِّتَآءِ وَٱلصَّيۡفِ ٢ فَلۡيَعۡبُدُواْ رَبَّ هَٰذَا ٱلۡبَيۡتِ ٣ ٱلَّذِيٓ أَطۡعَمَهُم مِّن جُوعٖ وَءَامَنَهُم مِّنۡ خَوۡفِۭ ٤﴾ [قريش: ١-٤]

{li-iilaafi xuraysin* iilaafihim rihlatas sittaa-i wassayfi* falyahbuduu rabba haazal bayti* allazii athamahum minjuuhin wa-aamanahum minxawfin} [saar uxuraysin 1-4]

Piri mi:

1-{li-iilaafi xuraysin1} li ñu namm ci loolu mooy lees miinoon ci tukki jamonoy seddaay ak tàngaay.

2- {iilaafihim rihlatas sittaa-i wassayfi 2} tukkib seddaay ba jëm yaman, ak tukkib tàngaay ba jëm saam ñu nekk ci kóolute.

3-{falyahbuduu rabba haazal bayti 3} nan jaamu Boroom néeg bii ñu wormaal moom rekk, moom mi nga xam ne moo leen yombalal tukki yooyu, te buñu ko bokkaale ak kenn.

4- {allazii athamahum minjuuhin wa-aamanahum minxawfin} moom mi leen leel ba xiif u ñu, aar leen it ba ragalu ñu, ci limu def ci xol i araab yi ci màggal Haram bi ak màggal ñafa dëkk.

## jàngal saaru almaahuuna te firi ko?

saaru almaahuuna ak um piréem:

bismillahir rahmaanir rahiimi.

﴿أَرَءَيْتَ ٱلَّذِى يُكَذِّبُ بِٱلدِّينِ ۝١ فَذَٰلِكَ ٱلَّذِى يَدُعُّ ٱلْيَتِيمَ ۝٢ وَلَا يَحُضُّ عَلَىٰ طَعَامِ ٱلْمِسْكِينِ ۝٣ فَوَيْلٌ لِّلْمُصَلِّينَ ۝٤ ٱلَّذِينَ هُمْ عَن صَلَاتِهِمْ سَاهُونَ ۝٥ ٱلَّذِينَ هُمْ يُرَآءُونَ ۝٦ وَيَمْنَعُونَ ٱلْمَاعُونَ ۝٧﴾ [الماعون: ١-٧]

{ara-aytal lazii yukazzibu biddiini* fa zaalikal lazii yaduhhul yatiima* walaa yahuddu halaa tahaamil miskiini* fawaylun lilmusallina* allaziina hum han salaatihim saahuuna* allaziina hum yuraa-uuna* wayamnahuunal maahuuna} [saaru almaahuuna 1-7].

Piri mi:

1- {ara-aytal lazii yukazzibu biddiini 1} ndax xam nga kiy weddi pay ga ca bis u taxawaay ba?!

2- {fa zaalikal lazii yaduhhul yatiima 2} koo ku mooy kay dàq jirim ba walif soxlaam.

3- {walaa yahuddu halaa tahaamil miskiini 3} te du ñaax boppam mukk mbaa keneen ci leel way ñàkk.

4-{fawaylun lilmusallina 4}: alkande ak mbugal ñeel na way julli ya.

5- {allaziina hum han salaatihim saahuuna 5} ñay fowe seenug julli, duñu ko faale ba waxtoom wa jeex.

6-{allaziina hum yuraa-uuna 6} mooy ñay ngistal ci seenug julli ak seen i jëf, duñu sellal seen i jëf ngir Yàlla.

7- {wayamnahuunal maahuuna 7} ñuy terewu dimbali keneen ci loo xamne ku ko ca dimbalee doo loru.

## jàngal saaru alkawsari te firi ko?

saaru kawsara ak um piréem:

bismillahir rahmaanir rahiimi.

﴿إِنَّآ أَعۡطَيۡنَٰكَ ٱلۡكَوۡثَرَ ۝١ فَصَلِّ لِرَبِّكَ وَٱنۡحَرۡ ۝٢ إِنَّ شَانِئَكَ هُوَ ٱلۡأَبۡتَرُ ۝٣﴾ [الكوثر: ١-٣]

{Innaa ahtaynaakal kawsara* fasalli li Rabbika wanhari* inna saani-aka huwal abtaru} [saaru alkawsari 1-3].

Piri mi:

1- {innaa ahtaynaakal kawsara 1} jox nanu la -yaw yònente bi- yiw wu bari, tem bokk ca déegu kawsar ba ca aljana.

2-{fasalli li Rabbika wanhari 2} santal Yàlla ci xéewalam yii, ci nga koy jullil moom rekk ak di ko rendil, wuute ak li bokkaale kat yi di def ci jegeñ-jegeñ lu seen xëram ya ci rendil leen.

3-{Inna saani-aka huwal abtaru3} ka la bañ moo dog ci lépp lu baax, mooy kañu fatte nga xam ne buñu ko tuddee rekk ci lu ñaaw lees koy tudd.

jàngal saaru alhumazatu te firi ko?

saaru alkaafiruuna ak um piréem:

bismillahir rahmaanir rahiimi.

﴿قُلۡ يَٰٓأَيُّهَا ٱلۡكَٰفِرُونَ ۝١ لَآ أَعۡبُدُ مَا تَعۡبُدُونَ ۝٢ وَلَآ أَنتُمۡ عَٰبِدُونَ مَآ أَعۡبُدُ ۝٣ وَلَآ أَنَا۠ عَابِدٞ مَّا عَبَدتُّمۡ ۝٤ وَلَآ أَنتُمۡ عَٰبِدُونَ مَآ أَعۡبُدُ ۝٥ لَكُمۡ دِينُكُمۡ وَلِيَ دِينِ ۝٦﴾

[الكافرون: ١-٦]

{xul yaa ayyuhal kaafiruuna* laa ahbudu maa tahbuduuna* wa laa antum haabiduuna maa ahbudu* wa laa anaa haabudun maa habadtum* wa laa antum haabiduuna maa ahbudu* lakum diinukum waliya dini} [saaru alkaafiruuna 1-6].

Piri mi:

1- {xul yaa ayyuhal kaafiruna 1} waxal -yaw yònente bi-: ée yéen ñi weddi Yàlla

2- {laa ahbudu maa tahbuduuna 2} duma jaamu ci jamono jii mukk walaa ëllëg xërëm yi ngeen di jaamu.

3- {wa laa antum haabiduuna maa ahbudu 3} yeen itam du ngeen jaamu li may jaamu man, te mooy Yàlla rekk.

4- {wa laa anaa haabudun maa habadtum 4} man itam duma jaamu li ngeen di jaamu ci ay xërëm.

5-{wa laa antum haabiduuna maa ahbudu 5} te déet yéen ngeen di jaamu li may jaamu man, te mom rekk mooy Yàlla.

6- {lakum diinukum waliya dini 6} yéen ak seen diine ji ngeen fental seen bopp, man ak sama diiné ji Yàlla wàcce ci man.

jàngal saaru annasri te firi ko:

saaru annasri ak um piréem:

bismillahir rahmaanir rahiimi.

﴿إِذَا جَآءَ نَصۡرُ ٱللَّهِ وَٱلۡفَتۡحُ ١ وَرَأَيۡتَ ٱلنَّاسَ يَدۡخُلُونَ فِي دِينِ ٱللَّهِ أَفۡوَاجٗا ٢ فَسَبِّحۡ بِحَمۡدِ رَبِّكَ وَٱسۡتَغۡفِرۡهُۚ إِنَّهُۥ كَانَ تَوَّابَۢا ٣﴾ [النصر: ١-٣]

{izaa jaa-a nasrul Laahi walfathu* wa ra-aytan naasa yadxuluuna fii diinil Laahi afwaajan* fasabbih bihamdi Rabbika wastaxfirhu innahuu kaana tawwaaban} [saaru annasri 1-3].

Piri mi:

1- {izaa jaa-a nasrul Laahi walfathu 1} su ndimbalu Yàlla ñëwee ñeel sa diine ji -yaw yònente bi- ak ug tedd-ngaam , ñu dal di ubbi Màkka.

2- {wa ra-aytan naasa yadxuluuna fii diinil Laahi afwaajan 2} nga gis nit ñi di dugg ci lislaam di ay mbooloo ay mbooloo.

3- fasabbih bihamdi Rabbika wastaxfirhu innahu kaana tawwaaban 3} xamal ne loolu màndarnga la ci jegeg jeexug liggéey bi nu la yónni woon, na nga sàbbaal ngir sant sa Boroom, di ko sant ci xéewalug ndimbal gi ak ubbite gi, te nga sàkku ci moom ag njéggal, ndax moom jéggëlaakon la aji-naggu tuubug jaamaam yi la, te da leen di jéggal.

jàngal saaru almasadi te firi ko?

saaru almasadi ak um piréem:

bismillahir rahmaanir rahiimi.

﴿تَبَّتْ يَدَآ أَبِي لَهَبٖ وَتَبَّ ١ مَآ أَغۡنَىٰ عَنۡهُ مَالُهُۥ وَمَا كَسَبَ ٢ سَيَصۡلَىٰ نَارٗا ذَاتَ لَهَبٖ ٣ وَٱمۡرَأَتُهُۥ حَمَّالَةَ ٱلۡحَطَبِ ٤ فِي جِيدِهَا حَبۡلٞ مِّن مَّسَدِۭ ٥﴾ [المسد: ١-٥]

{tabbat yadaa Abii lahabin wa tabba* maa axnaa hanhu maaluhu wa maa kasaba* sa yaslaa naaran zaata lahabin* wamra-atuhu hammaalatal hatabi* fii jiidihaa hablun min masadi} [saaru almasadi 1-5].

Piri mi:

1-{tabbat yadaa Abii lahabin wa tabba 1} ñaari loxoy baay tax u yònente di Abii lahab toskare na ngir jëfam yu sànku ci li mu daan lor yònente bi, te it am jëfam sooy na.

2-{maa axnaa hanhu maaluhu wa maa kasaba 2} lan la ko alalam ak i doomam jariñ? du ñu ko jeñal mbugal, te du ñu ko xëccal yërmaande.

3- {sa yaslaa naaran zaata lahabin 3} bu bisu taxawaaybaa dina dugg safara suy tàkk jëppet, di jaaroo tàngaayam ba.

4- {wamra-atuhu hammaalatal hatabi 4} soxnaam sa it dana fa dugg moom mi daan lor yònente bi ci di sànni ay dég ci yoonam wi.

5- {fii jiidihaa hablun min masadi 5} nekk na ca doqam la ab buum bunu xereñe ràbbin wa, di ko ca wommat jëme sawara.

## jàngal saaru al-ixlaas te firi ko?

saaru al-ixlaas ak um pireem:

bismillahir rahmaanir rahiimi.

﴿قُلۡ هُوَ ٱللَّهُ أَحَدٌ ١ ٱللَّهُ ٱلصَّمَدُ ٢ لَمۡ يَلِدۡ وَلَمۡ يُولَدۡ ٣ وَلَمۡ يَكُن لَّهُۥ كُفُوًا أَحَدُۢ ٤﴾

[الإخلاص: ١-٤]

{xul huwal Laahu ahadun* Allahus Samadu* Lam ya lid wa lam yuulad * Wa lam yakun lahuu kufuwan ahadun} [saaru al–ixlaas 1–4].

Piri mi:

1- {xul huwal Laahu ahadun 1} waxal -yaw yònente bi- ne: mooy Yàlla amul kenn kuñu war a jaamu kudul moom.

2- {Allahus Samadu 2} maanaam: dees na yëkkati soxlay mbindeef yi jëme ci moom.

3- {lam ya lid wa lam yuulad 3} moom Yàlla mu sell mi amul doom te amul way-jur

4- {wa lam yakun lahu kufuwan ahadun 4} amul dara lu niroo ak moom ci bindeefam yi.

## jàngal saaru alfalaxi te firi ko?

saaru alfalaxi ak um piréem:

bismillahir rahmaanir rahiimi.

﴿قُلۡ أَعُوذُ بِرَبِّ ٱلۡفَلَقِ١ مِن شَرِّ مَا خَلَقَ٢ وَمِن شَرِّ غَاسِقٍ إِذَا وَقَبَ٣ وَمِن شَرِّ ٱلنَّفَّٰثَٰتِ فِي ٱلۡعُقَدِ٤ وَمِن شَرِّ حَاسِدٍ إِذَا حَسَدَ٥﴾ [الفلق: ١–٥]

{xul ahuusu birabbil falaxi* min sarri maa xalaxa* wa min sarri xaasixin izaa waxaba* wa min sarrin naffaasaati filhuxadi* wa min sarri haasidin izaa hasada} [saaru alfalaxi 1–5].

Piri mi:

1-{xul ahuusu birabbil falaxi } waxal -yaw yònente bi-ne: maa ngi muslu ci boroom suba gi tey làqatu ci moom.

2- {min sarri maa xalaxa 2} ci ayu lépp luy lore ci mindeef yi.

3- {wa min sarri xaasixin izaa waxaba 3} maa ngi muslu ci Yàlla ci bépp ay buy feeñ guddi ci ay daaba ak i sàcci.

4- {wa min sarrin naffaasaati filhuxadi 4} maa ngi muslu ci moom ci ayu njabarkat yu jigéen yiy ëf ca pas-pas ya.

5- {wa min sarri haasidin izaa hasada 5} ak ci ayu képp ku soxor te iñaane nit ñi li leen Yàlla may ci ay xéewal, tey tàbbal lor ci seen kaw.

## jàng al saaru annaasi te fi ri ko?

saaru annaasi ak um piréem:

bismillahir rahmaanir rahiimi.

﴿قُلۡ أَعُوذُ بِرَبِّ ٱلنَّاسِ ١ مَلِكِ ٱلنَّاسِ ٢ إِلَٰهِ ٱلنَّاسِ ٣ مِن شَرِّ ٱلۡوَسۡوَاسِ ٱلۡخَنَّاسِ ٤
ٱلَّذِي يُوَسۡوِسُ فِي صُدُورِ ٱلنَّاسِ ٥ مِنَ ٱلۡجِنَّةِ وَٱلنَّاسِ ٦﴾ [الناس: ١-٦]

{xul ahuuzu birabbin naasi* ma li kin naasi* iLaahin naasi* min sarril waswaasil xannasi* allazii yuwaswisu fii suduurin naasi* minal jinnati wannaasi} [saaru annaasi 1-6].

Piri mi:

1- {xul ahuuzu birabbin naasi 1} waxal -yaw yònente bi- ne: maa ngi muslu ci Boroom nit ñi, tey làqatu ci moom.

2- {malikin naasi 2} mooy soppaxndiku ci ñoom num ko neexe, amuñu beneen buur budul moom.

3- {ilaahin naasi 3} mooy ki ñiy jaamu ci dëgg, amu ñu kenn ku ñiy jaamu ci dëgg ku dul moom.

4- {min sarril waswaasil xannasi 4} ci ayu saytaane miy sànni ay jax-jaxeem ci nit ñi.

5- {allazii yuwaswisu fii suduurin naasi 5} moom miy sànni ay jax-jaxeem ci xoli nit ñi.

6- {minal jinnati wannaasi 6} maanam: kiy jax-jaxee dina nekk si nit ñi dina nekk itam si jinne yi.

*******

## Xaajub Hadiis bi

Hadiis bu ñëkk bi:

**mottalil hadiisu : «innamal ahmaalu binniyaati...» jëf yi daal mingi aju ca yéene ya..." te nga tudd lenn ci ay njariñam?**

jële nañu ci njiiti way-gëm yi baayu Hafsin Umar Ibnu (doomu) Alxattaab -yal na ko Yàlla mu kawe mi dollee gërëm-mu wax ni: dégg naa yònente Yàlla bi yalna ko Yàlla dolli jàmm ak mucc ak i ñoñam mu wax ne:"jëf yi mi ngi aju ci yéene yi, te nit ku nekk la mu yéene rekk lay am, képp ku gàddaay ngir Yàlla ak ub yónentem, koo ku gàddaayam dina jëm ci Yàlla ak yónentem, waaye képp ku gàdaay ngir àdduna jum soxlaa jot, wala jigéen ju mu bëgg a takk; kon gàddaayam jëm na ca la ko taxa gàddaay"Buxaariyu ak muslim ñoo ko soloo.

ay njariñ ci hadiis bi:

1- jëf june warnaa ànd ak yéene, julli, woor, aj, ak yeneen jëf yi.

2- sellal ngir Yàlla mu kawe mi mënuta ñàkk ci yéene.

hadiis bu ñaareel bi:

**Laaju 2: mottalil hadiisu «képp ku sos ci sunu mbir mii (diiné jii)...», te nga tudd lenn ci ay njariñam?**

jële nañu ci yaayu jullit ñi Aysatu -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: "yònente Yàlla bi neena:«képp ku sos ci sunu mbir mii luci bokkul dees la koy delloo"Buxaariu ak muslim ñoo ko soloo.

ay njariñ ci hadiis bi:

1- tere sos ci diine.

2-jëf yin sos ci diine dees koy dello te deesu ko nangu

hadiisu ñatteel bi:

**Laaju 3: mottalil hadiisu (bayna maa nahnu juluusun hinda rasuulul laahi...), te nga tudd yenn ci ay njariñam?**

jële nañu ci Umar doomu Alxattaab yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne: benn bis danoo toog ci Yónente bi, fa saasa benn waay ñëw, yéere yaa nga weex tàll, kawar ga ñuul kukk, te

kenn gisul si moom jeexiitu tukki, te it kenn xamu ko si nun, bam aksee toog ci Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli jàmm ak mucc-, daa di wéer ñaari wóomam ci ñaari wóomu yónente bi, teg ñaari tenqam ci kaw poojam, daal di ne: "Ée yaw Muhammat xibaar ma luy lislaam", mu ne ko" lislaam mooy: nga seede ne amul kenn ku dees di jaamu ku dul Yàlla, seede ne Muhammat ndawul Yàlla la, tey taxawal julli, di woor weeru koor, te aj Màkka benn yoon boo ko manee" mu ne ko: "wax nga dëgg" ñu daaldi yéemu ci moom; di ko laaj ba noppi di ko dëggal, mu ne ko: " xibaar ma lan mooy gëm" mu ne ko: "mooy nga gëm Yàlla, ak i malaakaam, ak i téeréem, ak i yónentem, ak bis bu mujj ba, nga gëm ndogal yi; yacay yiw ak yacay ay" mu ne ko: "wax nga dëgg" daal ni ko: "xibaar ma lan mooy rafetal" mu ni ko: "mooy ngay jaamu Yàlla mel ni yaa ngi koy gis, ndax boo ko gisul moom moo ngi lay gis" mu ne ko: "xibaar ma kañ la bis-pénc" mu ne ko: "ki ñu koy laaj gënukoo xam ki ko koy laaj" mu ne ko: "wax ma ay màndarngaam"mu ne ko: "mooy jaam ba jur ab sangam, nga gis way-fàndaañu ya way-rafle ya way-ñàkk ya sàmukati jur ya, ñuy guddalaante ca taxab ya" mu wéy ma sax ci ak jaaxle, mu ne ma: "Ée Umar ndax xam nga aji-laaj ji? " ma ne ko: "Yàlla ak ub yónenteem ñoo xam" mu ne ma: "koo ku Jibriil la, dafa ñëw ngir xamal leen seen diine"Muslim moo ko soloo.

bokk na si njariñi hadiis bi:

1-tudd ponk i lislaam yay juroom; te mooy:

seede ne amul kenn ku yayoo jaamu kudul Yàlla, ak ne Muhammat Yàlla a ko yónni.

ak taxawal julli.

ak joxe azaka.

ak woor weeru koor.

ak Aj néegub Yàlla bees wormaal ba.

2- tudd ponk i ngëm, te juroom-benn la:

gëm Yàlla.

ak i malaakaam.

ak i téeréem.

ak i yónenteem.

ak bis bu mujj ba.

ak dogal yu neexam ak yu naqareem.

3- tudd ponku rafetal, moom benn ponk la, te mooy nga jaamu Yàlla mel ni yaa ngi koy gis ndax boo ko gisul moo ngi lay gis.

4- jamonoy taxawaayu bis-pénc kenn xamu ko kudul Yàlla mu kawe mi

hadiisu ñentéel bi:

## Laaju 4: mottalil hadiisu : «Akmalul muuminiina iimaanan...» te nga tudd yenn ci ay njariñam?

jële nañu ci Abii hurayrata -yal na ko Yàla dollee gërëm neena: yònente bi -Yalla na ko Yàlla dolli jàmm ak mucc- neena:«ki gën a mat ngëm ci way-gëm yi mooy ki gën a rafet jiko»Tirmisiyu soloo na ko daal di wax ni: "hadiis bu rafet la bu wér la"

ay njariñ ci hadiis bi:

1- ñaaxe si rafet jiko.

2- matug jiko bokk na ci matug ngëm.

3- ngëm day yokku di wàñññiku.

Hdiisu juróomeel bi:

## Laaju 5: Mottalil hadiisu "man halafa bi xayril laahi ....» te nga tudd yenn ci ay njariñam?

Jële nañu ci Abdallah Doomi Umar -yal na leen Yàlla dollee gërëm- neena: Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli jàmm ak mucc- neena:«Képp ku giñ ci ku dul Yàlla; weddi na wala bokkale na».Attirmisii moo ko soloo

ay njariñ ci hadiis bi:

- Giñ ci ku dul Yàlla mu kawe mi daganul.

- Giñ ci ku dul Yàlla ci bokkaale gu ndaw la bokk.

Hadiisu juroom-benneel bi:

**Laaju 6: Mottalil hadiisu « Laa yuumimu ahadukum hattaa akuuna ahabba ilayhi...» te nga tudd yenni ci ay njariñam?**

Jële nañu ci Anas -yàl na ko Yàlla dollee gërëm-, mane: Yónente bi -yal la na ko Yàlla dolli jàmm ak mucc-, neena:«Kenn ci yéen du gëm lifeek gënëlu ma ko way-juram ak doomam ak mbooleem nit ñi»Buxaariu ak muslim ñoo ko soloo.

Bokk na ci njariñi hadiis bi:

-dana war ñu bëgg yónente bi ci kaw mbooleen nit ñi.

- Loo lu ci matug ngëm la bokk.

Hadiisu juroom-ñaareel bi:

**Laaju 7: Mottalil hadiisu « Laa yuuminu ahadukum hattaa yuhibba Li axiihi ...» te nga tudd yenn ci ay njariñam?**

Jële nañu ci Anas -yal na ko Yàlla dollee gërëm-, neena Yónente bi -yal na na ko Yàlla dolli jàmm ak mucc-, neena:«Kenn ci yéen du gëm; ndare mu bëggal mbokkam li mu bëggal boppam»Buxaariu ak muslim ñoo ko soloo.

Bokk na ci njariñi hadiis bi:

1- War na ci jullit bi mu bëggal jullit ñi aw yiw ni ki mu ko bëggale boppam.

2- Loolu  ci matug ngëm la bokk.

Hadiisu juróom-ñatteel bi:

**Laaju 8: Mottalil hadiisu: « wallajii Naf sii biyadihii ...» te nga tudd leen ci ay njariñam?**

Jële na nu ci Abii Sahiid, -yal na ko Yàlla dollee gërëm-, mu jële ci Yónente bi -yalna ko Yàlla dolli jàmm ak mucc-, mu wax ne:«giñ naa ci ki sama bakkan nekk ci loxoom! moom dé dana yamoog ñatteelu xaaju Alxuraan»Buxaarii moo ko soloo.

Yénn ci njariñi hadiis bi:

1- Ngëneelu saaru Al-ixlaas.

2- Moom day yamoo ak ñatteelu xaaju Alxuraan.

Hadiisu juróom-ñenteel:

### Laaju 9: Mottalil hadiisu Laa hawla wala xuwwata Illaa billahi...» te nga tudd yenn ci ay njariñam?

Jële nan ci Abii Muusaa yal na ko Yàlla dollee gërëm neena: Yónente bi -yal na na ko Yàlla dolli jàmm ak mucc- neena:«Laa hawla walaa xuwwata illaa bil-Laahi, am ndàmb la ci ndàmbi Aljana ya»Buxaariu ak muslim ñoo ko soloo.

Bokk na ci njariñi hadiis bi:

1- ngëneelu baat bi, ak it ne moom ndàmb la ci ndàmbi Aljana yi.

2- setug jaam bi ci pexe  ak ci kàttanam, ak ug sukkandikoom ci Yàlla mu kawe mi moom rekk.

Hadiisu fukkeel bi:

### Laaju 10: Motti lil hadiisu « Alaa inna fil jasadi mudxatan...» te nga tudd yenn ci ay njariñam?

Jële nañu ci Annuhmaan Doomi Basiir yal na leen Yàlla dollee gërëm, neena: dégg naa Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli jàmm ak mucc-, mu wax ne:«Damane am na ci yaram benn lumb deret bu baaxee yaram wi wépp baax, waaye bu yàqoo yaram wi yépp yàqu, loolu mooy xol»Buxaariyu ak muslim ñoo ko soloo.

Yénn njariñi hadiis bi:

1- yéwenug biir ak bitti mingi ci yéwenug xol.

2- yitte woo yéwenug xol ndax ci la nit di yéwene.

Hadiisu fukkeel bi ak benn:

### Mottalil hadiisu: «man kaana aaxiru kalaamihii minaddunya: Laa ilaaha illallaah...» te nga tudd yenn ci ay njariñam?

Jële nañu ci Muhaaz Ibn Jabal -yal na ko Yàlla dollee gërëm- neena: Yónente bi -yal na ko yàlla dolli jàmm ak mucc-

neena:«képp ku mujjug waxam di: laa-ilaaha illal-Laahu; dina dugg Aljana»abuu daawuuda moo ko soloo.

Yénn njariñi hadiis bi:

1- ngëneelu laa-ilaaha illal laahu, ci ne jaam bi da ciy dugge Aljana.

2- ak ngëneelu ki mujjantalu waxam ci àddina nekk: laa-ilaaha illal laahu.

Hadiisu fukkeel bi ak ñaar:

### Laaju 12: Mottalil hadiisu: « Laysal muhminu bittahaan wala lahhaan ...» te nga tudd yenni ci ay njariñam?

Jële nañu ci Abdul-Laahi Doomi mashuud -yal na ko Yàlla dollee gërëm- neena: Yónente bi -yal na ko Yàla dolli jàmm- ak mucc neena:«nekkul julli aji-jamaate ji du caagine aj-rëbbaate ji, wala aji-déf ñaawteef ji, wala aji-bon lammiñ »Attirmizii moo ko soloo

Bokk na ci njariñi hadiis bi:

1-tere bépp wax boo xamni neen la wala muy wax ju bon.

- loolu mooy meluw jullit ci làmmiñam.

Hadiisu fukkeel ak ñatt:

### Laaju 13: Mottalil hadiisu min xusni islaamil mar-i...» te nga tudd lenn ci ay njariñam?

jële nañu ci Abii Hurayrata -yal na ko Yàla dollee gërëm-mune: Yónente bi -Yalla na ko Yàlla dolli jàmm ak mucc-neena:«bokk na ci rafetug ngëmu nit ki: mu bàyyi lu ko amalul njariñ»Tirmizii ak Ahmad ñoo ko soloo ak ñeneen.

Bokk na ci njariñi hadiis bi:

1- nit ki bàyyi lu ko amalul njariñ ci mbir i diine wala mbir i àddina.

2- bàyyi lu amul njariñ daa bokk ci matug Lislaamam.

Hadiisu fukkeel ak ñent:

### Laaju 14: Mottalil hadiisu « man Xara a harfan min kitaabillaahi...» te nga tudd yenn ci ay njariñam?

Jële nañu ci Abdul Laahi Doomi Mashuud mune: Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli jàmm ak mucc- neena:«képp ku jàng ben araf ci téere Yàlla bi dina ci am wenn yiw, yiw wu nekk day tolloog fukki yiw, duma wax ni alif laam miim benn araf la waaye alif araf la, laam araf la, miim araf la»Attirmizii moo ko soloo.

Yénn ci njariñi hadiis bi:

1- ngëneelu jàng Alxuraan.

2- benn haraf boo jàng da nga ci am ay yiw.

*******

# Xaaju teggini Lislaam yi.

## Am tegginu ci Yàlla mu kawe mi:

### Laaju 1– naka la ñuy ame teggin ci Yàlla?

1- di ko màggal moom Yàlla mu sell mi te kawe.

2- di ko jaamu moom dong te bañ koo bokkaale ak dara.

3- di ko topp.

4- bañ koo moy.

5- di ko sant ak di ko gërëm moom mu màgg mi te kawe ci ay ngëneelam ak i xéewalam yi Nga xamne déefu ko takk.

6- ak di muñ ndogalam.

## Am teggiin ci Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli jàmm ak mucc-:

### Laaju 2: na ka la ñuy ame téggin ci Yónente bi di nekke?

1- di ko topp ak di roy ci moom.

2- di ko topp.

3- bañ koo moy.

4- dëggal ko ci lépp lu mu xibaare.

5- bañ a sos wala dolli ci suunaam si.

6- bëgg ko lu raw ni nga bëgge sa bakkan ak nit ñépp.

7- di ko màggal ak di ko dimbali ak di dimbali sunnaam si.

### Laaju 3: naka lañuy ame  teggiinu ci ñaari Way–Jur?

**1- topp ñaari Way-Jur ci lu dul moy Yàlla.**

2- di liggéeyal ñaari Way-Jur.

3- di dimbali ñaari Way-Jur

4- di faj aajoy ñaari Way-Jur.

5- di ñaanal ñaari Way-Jur.

6- tegginu ak ñoom ci wax; du dagan nga leen di wax uf, te mooy li gën a néew ca wax ya.

7- di muuñ ci sa kanami ñaari wayjur, te bañ a ñëggal kanam.

8- duma yékkati sama kàddu ci kaw seen kàddu, di naa leen déglu, te duma leen dog ci wax, te du ma leen woo ci seen tur, waaye damay wax: "sama baay", "sama yaay"

9- damay yéglu balamaa dugg bu dee sama Baay ak sama yaay nekk ci néeg bi.

10- fóon loxo ak boppu samay Way-Jur

### Tegginu jokk mbokk.

## Laaju 4: Na ka laay jokkе samay mbokk?

1- di seeti jegeñaale yi ci mbokk mu góor ak mu jigéen ak baay tax ak bàjjan ak nijaay ak tànta ak jegéñaale yi des.

2- di rafetal jëme ci ñoom ci wax ak jëf ak di leen dimbali.

3- bokk na ca di leen jokk ak di leen laaj séen i mbir.

### tegginu mbokkoo ci Yàlla mu kawe mi:

## Laaju 5: na ka laay nekke ak mbokk ak samay xarit?

1- di naa bëgg ñu baax ñi di ànd ak ñoom.

2- damay moytu ñu bon ñi di moyytoo ànd ak ñoom.

3- damay nuyu samay mbokk ak di saafuwànte ak ñoom.

4- dama leen di seeti bu ñu wéradee di leen ñaanal wér.

5- damay ndokkeel Aji-Tissooli ji.

6- damay wuyu woooteem buma woowee ngir seet si ko.

7- damkoy laaya biir.

8- dama koy dimbali bu ñu ko tooñee, te di ko tere tooñ.

10- damay bëggal sama mbokku jullit li ma bëggal sama bopp.

11- dama koy dimbali bu yittewoo sama ndimbal.

12- du ma ko lor ci wax walla jëf.

13- damay wattu ay mbóotam.

14- du ma ko saaga, te du mako jëw, wala makoy xeeb, wala diko iñaane, mbaa makoy yëddu, niki noonu duma ko nax.

## tegginu děkkandoo

### lan mooy tégginu děkkandoo?

1- damay rafetal ñeel sama děkkadoo ci wax ak ci jëf te di ko dimbali saa bu yittewoo sama ndimbal.

2- Dama koy ndokkeel bu amee xew-xewu mbégte wala xewu céet wala leneen.

3- damakoy seeti bu feebaree te di ko jaale bu faatulee.

4- dinaa ko may ci li may togg nu mu gën a jàppandee.

5- du ma ko lor ci wax walla ci jëf.

6- du mako tanqal ci kàddu gu kawe, wala ma koy luññutu, te dinaa ko muñal

## tegginu nganale:

### Laaj 7: lan mooy tegginu nganale ak gan?

1- damay wuyu ku ma woo ci gane ji ko

2- buma nammee seeti kenn damay sàkku ndigël ak dig-daje.

3- damay yéglu balaa may dugg.

4- du ma ko yeexe seeti.

5- dinaa dammu samag gis ci waa kër gi.

6- dinaa yaatal gan dalal ko ca namu gën a rafete, ci kanam gu bélli, ak ay waxiini dalal yu rafet.

7- dinaa dalal gan gi ca bsrab ba gën a jekk.

8- dinaa ko teral cig nganale ci lekk ak naan.

## teggini wopp:

### Laaju 8: tuddal teggini wopp ak seeti ku feebar?

1-suma yégee mettit; damay teg sama loxo ndeyjooy ca barab bay metti, ma wax: "bismil-Laahi" ñatti yoon, daal di wax: "ahuuzu bi hizzatil-Laahi wa xudratihii min sarri maa ajidu wa uhaaziru" juroom-ñaari yoon.

2- damay gërëm li Yàlla dogal te muñ.

3- damay gaawantu seeti sama mbokk mi feebar, ma ñaanal ko te du ma guddal toogaay ba ca moom.

4- damakoy mocc ci lu dul mukoy sàkku ci man.

5- damakoy dénk muñ ak ñaan, ak julli ak laab kem kàttanam.

6- ñaan ñeel Aji- feebar ji: "as-alul Lahal Hasiima Rabbal Arsil Hasiima an yasfiyaka" juroom-ñaari yoon.

## tegginu sàkku xam-xam:

### Laaju 9: tuddal teggini sàkku xam–xam?

1- sellal yéene ngir Yàlla mu màgg mi te kawe.

2- damay jëfe xam-xam bi ma jàng.

3-damay wormaal Jàngalekat bi diko weg bu teewee ak bu teewul.

4- damay toog si kanamam ànd a ki teggin.

5- dama koy déglu bu baax te duma ko dog buy jàngale.

6- damay am teggin bumakoy laaj.

7- du ma ko woo ci turam.

## teggini jotaay:

### Laaju 10: lan mooy teggini jotaay?

1- damay nuyu waa jotaay ba.

2- damay toog fi jotaay ba yam, duma yëkkati kenn ci barabam wala may toog ci diggante ñaari nit ci lu dul seen ndigël.

3- damay yaatal jotaay bi ngir keneen toog.

4- duma dogg waxtaanu jotaay bi.

5- damay yéglu daal di nuyoo balaa maa jòge ca jotaay ba.

6- bu jottay ba jeexee damay ñaan ñaanug sippi bàkkaaru jotaay yi.«subhaanakal Laahumma wa bi hamdika, ashadu an laa-ilaaha illaa anta, astaxfiruka wa atuubu ilayka».

## teggini nelaw:

### Laaju 11: tuddal teggini nelaw?

1- damay teela nelaw.

2- damay nelaw ci ak laab.

3- duma dëfeenu.

4- damay nelawe sama wetug ndeyjooy, ma teg sama loxo ndeyjoor ci suufu sama lexu ndeyjoor.

5- damay fëgg samab lal.

6- damay jàng ñaani nelaw, aayatul kursiyyi, ak saaru lixlaas, ak Falaxi, ak naasi ñatti yoon. Ma daal di wax:«bismikal Laahumma amuutu wa aahyaa».

7- damay yewwu ngir julli fajar.

8- damay wax ginnaw bi ma yeewoo ci nelaw yi:«alhamdu lil-Laahil lasii ahyaanaa bahda maa amaatanaa wa ilayhin nusuur».

## teggini lekk:

### Laaju 12: lan mooy teggini lekk ?

T-

1- damay yéenee toop Yàlla ci sama lekk ak sama naan.

2- raxas ñaari yoxo lu jiitu lekk gi.

3- damay wax: «bismil Laahi», ma lekke sama loxo ndeyjoor tey tibbu ci sama kanan, te duma lekk ci diggu ndab li, wala ci kanamu keneen.

4- buma fàttee wax bismil Laahi, damay wax «bismil Laahi awwalahu wa aaxirahu».

5- damay doyloo tek ci di gërëm li ma am ci aw ñam, te du ma sikk benn ñam, buma yéemee ma lekk ko, buma yéemul ma bàyyi ko.

6- damay lekk ay tibb rekk, te duma lekk lu ëpp.

7- duma ëf ci ñam wi wala naan gi, damakoy bàyyi bamu sedd.

8- damay bokk ñam wi ak ñeneen, ak njaboot gi wala gan gi.

9- duma njëkk a tàmbalee lekk koo xam ne moo ma mag.

10- damay tudd Yàlla bu may naan, damay toog bumay naan, te ci ñatti dogit laay naane.

11- da may sant Yàlla buma noppee ci lekk gi.

## teggini sol yéere.

### Laaju 13: li mal teggini sol yéere?

1-bu may sol sama yéere damay tàmbalee si ndeyjoor bi.

2- duma wàcce sama yéere bamu weesu samay suufu dojor.

3- xale yu góor yi du ñu sol yéerey xale yu jigéen yi, jigéen yi itam du ñu sol yu góor ñi.

4- bañ a niroole soliin ak yéefar yi wala kàccor yi.

5- tudd Yàlla bumay summi yéerée yi.

6- njëkk a sol dàll wi ci tànku ndeyjoor wi, njëkka summi tànku càmmoñ bi.

## Teggini war ab waruwaay:

### Laaju 14: tuddal teggini war?

1- damay wax «bismil Laahi, alhamdu lil-Laahi»,

﴿...سُبۡحَٰنَ ٱلَّذِي سَخَّرَ لَنَا هَٰذَا وَمَا كُنَّا لَهُۥ مُقۡرِنِينَ ١٣ وَإِنَّآ إِلَىٰ رَبِّنَا لَمُنقَلِبُونَ ١٤﴾

[الزخرف: ١٣-١٤]

{subhaanal lazii saqara lanaa haazaa wa maa kunnaa lahu muqriniina* wa innaa ilaa Rabbinaa la munxalibuuna} [Saaru suxrufi 13-14]

2- Buma rombee ab jullit, dama koy nuyu.

## teggini yoon:

### Laaju 15: tuddal teggini aw yoon?

1- damay yamoo te di woyoflu ci sama doxiin, damay dox itam ci ndeyjooru yoon wi.

2- damay nuyu kuma dajeel.

3- damay dammu samab gis, te duma lor kenn.

4- damay digle lu baax, di tere lu bon.

5- damay jële luy lore ci yoon wi.

### 6- teggini dugg si kër ak génn fa:

### Laaju 16: Tuddal teggini dugg ci kër ak génn fa?

1- Damay génne sama tànku càmmoñ daal di wax ni:«Bismil Laahi, tawakkaltu halal Laahi, laa hawla walaa xuwwata illaa bil-Laahi, Allaahumma innii ahuuzu bika an adilla aw udalla, aw azilla aw uzalla, aw aslima aw uslama, aw ajhala aw ujhala halayya».

2- sumay dugg si kër damay jiital sama tànku ndeyjoor, daal di wax ni:«Bismil Laahi walajnaa, wa bismil Laahi xarajnaa, wa halaa Rabbinaa tawakkalna».

3- damay tàmbali ci socc, daal di nuyu waa kër gi.

### Teggini faj aajo:

### Laaju 17: Tuddal teggini faj aajo?

1- damay dugg jiital sama tànku càmmooñ.

2- damay wax balaa may dugg:«Bismil Laahi, Allaahumma innii ahuuzu bika minal xubusi wal xabaa-isi».

3- duma dugal dara lu am turu Yàlla.

4- damay suturlawu bumay faj aajo.

5- duma wax ci biir barab bimay faje aajo.

6-duma jublu xibla, te duma ko dummóoyu bumay saw wala may dem duus.

7- damay jëfandikoo loxo càmmooñ ci dindi sobe, te duma jëfandikoo loxo ndeyjoor.

8- duma faj aajo ci kaw yoonu nit ñi wala seen ker yi.

9- damay raxas samay yoxo ginnaaw faj aajo gi.

10- damay génnee sama tànku ndeyjoor, daal di wax: «xufraanaka».

## Teggini jàkka:

### Laaju 18: Tuddal teggini jàkka?

damay dugge jàkka ji sama tànkub ndeyjoor, daal di wax:1- «Bismil Laaahi, Allaahumma iftah lii abwaaba rahmatika».

2- duma toog ludul da maa julli ñaari ràkka

3- Duma jaar ci kanamu kuy julli, wala may yéene lu réer ci jàkka ji, wala may jaay wala jënd ci biir jàkka ji.

4- bimay génne jàkka ji sama tànku càmmooñ laay jiital daldi wax:«Allaahumma innii as-aluka min fadlika».

## Teggini nuyóo:

### Laaju 19: Tuddal teggini nuyóo?

1- Buma dajeek ab jullit damakoy njëkka nuyu, daal di wax: «assalaamu halaykum wa rahmatul Laahi wa barakaatuhu» duma yam ci junj ci sama loxo rekk, ci ludul nuyóo.

2- Damay muuñ si kanamu ki may nuyu.

3- Damay saafoonte ak moom ci sama loxo ndeyjoor.

4- Buma kenn nuyóo dama koy delloo nuyóo ca namu gën a rafete, wala ma delloo ko lu mel ni nuyóom ba.

5- Duma njëkka nuyu ab yéefar, te buma nuyóo ma delloo ko lu mel ni nuyóom ba.

6- Xale mooy nuyu mag, ki war mooy nuyu kiy dox, kiy dox mooy nuyu ki toog, ñi néew ñooy nuyu ñi bari.

## Teggini yëglu:

### Laaju 20: Tuddal teggini yëglu?

1- Damay yëglu balamaa dugg cib barab.

2- Damay yëglu ñatti yoon te du ma ko weesu, ginnaaw ga ma waññiku.

3- Damay fëgg buntu ba ndànk, te duma taxaw di jàkkaarloo ak buntu bi, waaye damay taxaw ci wetu ndejooram wala càmmooñam.

4- Duma dugg si néegu sama baay ak sama yaay, wala néegu kenn lu jiitu may yëglu, rawatina lu jiitu fajar wala waxtuw dallu ci tisbaar, wala ginnaaw jullig gee.

5- Mannamaa dugg ci barab bu kenn dëkkul ci ludul may yëglu, lu mel ni: fajukaay, wala jaayukaay.

## Teggini ñeewantu rab yi:

### Laaju 21: Tuddal teggini ñeewantu ci rab yi?

1- Damay leel rab yi di leen nàndal.

2- Yërëm ak ñeewante rab yi, te bañ leena teg lu ñu àttanul.

3- Duma mbugal rab yi benn xeetu mbugal wala lor.

## Teggini tàggatu:

### Laaju 22: Tuddal teggini tàggatu?

1- Limay jublu si tàggatu gi mooy am kàttan ci topp Yàlla ak am ngërëmam.

2- Dunu fo ci jamonoy julli.

3- Xale yu góor yi du ñu bokk ak xale yu jigéen yi di tàggatu.

4- Damay sol yéere tàggatukaay bu muur samay awra.

5- Damay moytu tàggatu bu daganul, ni ki bu am dóor si kanam wala wuññi awra.

## Teggini kaf:

### Laaju 23: Tuddal teggini kaf?

1- dëggu ca kaf ga te bañ a fen.

2- kaf gu mucc ci sikkal ak yéjji ak lor ak tiitalaate.

3- Bañ a baril kaf.

## Teggini tissooli:

### Laaju 23: Tuddal teggini tissooli?

1- booy tiissoli nga teg sa loxo ci sa gémmiñ wala am mbubb wala morso.

2- Nga sant Yàlla ginnaaw bi nga tiissolee «alhamdu Lillaahi».

3- na ko mbokkam mi wax wala àndandoom: «yarhamukal Laahu».

Bu ka ko waxee, na waxaat: «yahdiikumul Laahu wa yuslihu baalakum».

## Teggiini óbbali:

### Laaju 25: Lan mooy teggini óbbali?

1- Jéema nëbb óbbali gi.

2- Bañ a yékkati kàddu ci wax: "aah" aah" .

3- Teg sa loxo ci sa gémmeñ.

## Teggini jàng Alxuraanul Kariim:

### Laaju 26: Tuddal teggini jàng Alxuraan?

1- jàng ko cig laab ginnaaw jàpp.

2- Toog ci teggin ak wegeel.

3- Muslu ci Saytaane ca tàmbalig njàng ma.

4- Di settantal njàng ma.

*******

## Xaajub jikko yi.

### Laaju 1: Tuddal ngëneelu rafet jikko?

Yónente bi -yal na ko yàlla dolli jàmm ak mucc-, neena:«Ki gën a mat ngëm ci julli ñi mooy ki ci gën a rafet jikko»Attirmiziyu ak Ahmad ñoo ko soloo.

### Laaju 2: Lu tax ñuy taqoo ak jikkoy Lislaam yi?

1- Ndax day tax Yàlla mu kawe mi bëgg la.

2- Day tax nit ñi bëgg la.

3- Te moo gën a diis si peesekaay ya.

4- Te dees na ful pay ga ak yiw wa ci rafet jikko.

5- Te màndarga la ci mattug ngëm.

### Laaju 3: Ci fan la ñiy jële jikko?

- Ci Alxuraanul Kariim, Yàlla mu kawe mi neena:

﴿إِنَّ هَٰذَا ٱلۡقُرۡءَانَ يَهۡدِي لِلَّتِي هِيَ أَقۡوَمُ ... ﴾ [الإسراء: ٩]

{Alxuraan jii de day gindee jëme ca la gën a jub} [Saaru Israa: 9]

Ak ci Sunna: Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli jàmm ak mucc- mune:«Dan maa yónni ngir ma mottali jikko yu rafet yi»Ahmad moo ko soloo.

### Laaju 4: Lan mooy jikkoy rafetal ak i anamam?

- Rafetal: mooy di fuglu Yàlla saa sune, ak di defal mbindéef yi yiw ak lu rafet.

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli jàmm ak mucc- wax Na ne:«Yàlla dafa waral rafetal ci lépp»Muslim moo ko soloo.

Bokk na ci anami rafetal yi:

- Rafetal ci jaamu Yàlla mu kawe mi, te mooy di sellal jaamu gi.

- Rafetal jëme si ñaari way-jur, ci wax ak jëf.

- Rafetal jëm ci bokk yi ak jegeñaale yi.

- Rafetal jëm ci dëkkandoo yi.

- Rafetal jëm ci jirim yi ak Way-ñakk yi.
- Rafetal jëm ci kuy ñaawal jëme ci yaw.
- Rafetal wax yi.
- Rafetal werente wi.
- Rafetal jëme si baayima yi.

## Laaju 5: Lan mooy safaanu rafetal?

Safaanu rafetal mooy ñaawal.

* Te bokk na ci: baña sellal ci jaamu Yàlla mu kawe mi.
* Ak dog ñaari way-jur.
* Ak dog mbokk.
* Ak ñaawal dëkkadoo.
* Ak bañ a rafetal jëme ci way ñakk yi ak yeneen yu dul yoo yu ci ñaawal i wax wala jëf.

## Laaju 6: Yan mooy xeeti kóolute yi aki anamam?

T-

1- Kóolute ci wattu àqi Yàlla mu kawe mi.

Ay anamam: am kóolute ci def jaamu Yàlla yi ci julli ak joxe Asaka ak woor ak aj ak yeneen yi Yàlla farataal ci nun.

2- Kóolute ci wattu àqi mbindéef yi.

- Ci wattu deri nit ñi.
- Ak séeni alal.
- Ak séen i deret.
- Ak séen i mbóot, ak mbooleem lila nit ñi wóolóo.

Yàlla wax na ci melokaani way-texe yi:

﴿وَٱلَّذِينَ هُمۡ لِأَمَٰنَٰتِهِمۡ وَعَهۡدِهِمۡ رَٰعُونَ ٨﴾ [المؤمنون: ٨]

{Ak ñi nga xam ne dañiy sàmm seen i kóllare ak séeni dëel} [Saaru Almuuminuuna 8].

## Laaju 7: Lan mooy safaanu kóolute?

Wor, te mooy sànk àqi Yàlla mu kawe mi ak àqi nit ñi.

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli jàmm ak mucc- neena:«Màndargay naaféq ñatt la» -mu tudd ca- «bu ñu ko wóolóo mu wor»Buxaari ak Muslim dëppoo na ñu ci.

## Laaju 8: Lan mooy jikkoy dëggu?

- Mooy xibaare lu dëppoo ak li am, wala mbir mi ni mu ame.

Bokk na ci ay anamam:

Dëggu ci wax ak nit ñi.

Dëggu ci dige.

Dëggu ci wax ak jëf.

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli jàmm ak mucc- neena:«Dëggu day jëmale cig mbaax, te ag mbaax day jëmale Aljana, nit ki dina dëggal ba mujj nekk Dëggalaakon»Buxaari ak Muslim dëppoo na ñu ci.

## Laaju 9: Lan mooy safaanu dëggu?

- Fen, te mooy wuute ak li wér, te bokk na ca, di fen nit ñi ak wuuteb dige, ak seede ay caaxaan.

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli jàmm ak mucc- neena:«Fen day jëmale nit ki cig kàccoor, te ag kàccoor day jëmale Sawara, te nit ki dina fen bañu bindal ko fa Yàlla ni fenkat la»Buxaari ak Muslim dëppoo na ñu ci.

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli jàmm mucc- neena:«Màndargay naaféq ñatt la" -mu tudd ca- «bu waxtaanee day fen, bu digee day wuute dig ba»Buxaari ak Muslim dëppoo na ñu ci.

## Laaju 10: Tuddal xeeti muñ yi?

- Muñ si topp Yàlla mu kawe mi.

- Muñ si moy Yàlla yi.

- Muñ ndogal yu metti yi, te sant Yàlla ak lu man di am.

Yàlla mu kawe mi neena:

﴿...وَٱللَّهُ يُحِبُّ ٱلصَّٰبِرِينَ﴾ [آل عمران: ١٤٦]

{Yàlla dafa bëgg way muñ yi} [Saaru Aali Himraan 146].

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli jàmm mucc- neena:«yéemu naa ci mbiri jullit bi moom de mbiram lépp yiw la, te kenn amul loolu ku dul jullit bi, bu ko mbékte dalee day sant mu doon aw yiw ci moom, bu ko aw lor dalee day muñ mu doon aw yiw ci moom»Muslim moo ko soloo.

## Laaju 11: Lan mooy safaanu muñ?

- Mooy ñàkka muñ si topp Yàlla, ñàkka muñ moy yi, ak di yéjji ndogal yi ci wax wala si jëf.

Bokk na ci ay meloom:

- Mbebët dee.
- di mbej say lex.
- Di xotti say yéere.
- Di tasaare sa kawar.
- Di ñaan alkande ci sa kaw.

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli jàmm ak mucc- neena:«Pay gi de mi ngi ci màggug nattu yi, te Yàlla su bëggee aw nit da leen di nattu, ku gërëm, ngërëm ñeel ko, waaye ku mer merum Yàlla ñeel ko»Tirmisiyu ak Ibn Maaja ñooko soloo.

## Laaju 12: Tuddal jikkoy dimbalànte?

Mooy nit ñi di dimbalànte seen biir ci dëgg ak uw yiw.

Anami dimbalànte yi:

- Dimbalànte si delloo àq yi.
- Dimbalànte ci delloo Aji-tooñ ji.
- Dimbalànte ci faj aajoy nit ñi ak way-ñàkk yi.
- Dimbalànte ci yiw.
- baña dimbalànte si bàkkaar ak lor ak noonoo.

Yàlla mu kawe mi neena:

﴿... وَتَعَاوَنُواْ عَلَى ٱلۡبِرِّ وَٱلتَّقۡوَىٰۖ وَلَا تَعَاوَنُواْ عَلَى ٱلۡإِثۡمِ وَٱلۡعُدۡوَٰنِۚ وَٱتَّقُواْ ٱللَّهَۖ إِنَّ ٱللَّهَ شَدِيدُ ٱلۡعِقَابِ ۝٢﴾ [المائدة: ٢]

{dimbalànte leen cig mbaax ak ragal Yàlla, te buleen dimbalànte ci bàkkaar ak noonoo te ngeen ragal Yàlla moom Yàlla ku tar mbugal la} [Saaru Maa–ida 2].

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli jàmm ak mucc- neena:«jullit ak moroom ma dañoo wara mel ni ab tabax; lenn lune day dëgëral leneen la.Buxaari ak Muslim dëppoo na ñu ci.

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli jàmm mucc- neena:«Jullit jullit mooy mbokkam, du ko tooñ, te du ko jébbale, ku nekk ci sa aajoy mbokk,Yàlla dina nekk ci say aajo, ku dindil ab jullit aw tiis, Yàlla dina ko dindil aw tiis ci tiisi bisub taxawaay ba, te ku suturaal ab jullit Yàlla dina ko suturaal bisub taxawaay ba»Buxaari ak Muslim dëppoo na ñu ci.

## Laaju 13: Yan mooy xeeti jikkoy kersa?

1- am kersa ci Yàlla: mooy nga bañ koo moy moom Yàlla mu sel mi.

2- am kersa ci nit ñi: bokk na ca bàyyi wax ju ñaaw te bon, bañ a wuñññi awray kenn.

Yónente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli jàmm ak mucc- neena:«Ngëm juróom-ñaar fokki xaaj la yu topp» wala: «juróom-benni fukki xaaj la ak lu topp» - ci ay xaaj la, bi ci gën a kawe: mooy wax: laa ilaaha illal Illa Laahu, bi ci gën a suufe, mooy: randale aw lor si kaw yoon wi, te kersa benn pàcci la ci ngëm»Muslim moo ko soloo.

## Laaju 14: Tuddal meloy jikkoy yërmande?

- Yërëm mag ñi te weg leen.
- Yërëm xale yu ndaw yi.
- Yërëm way-ñakk yi ak way-aajo woo yi.

- Yërëm rab yi ci di leen jox lekk te bañ leena lor.

Bokk na ca Loo la, Li Yónente bi wax ne:«dangay gis jullit yi ci séenug yërëmante ak séenug bëgante ak ñeewante ñu mel ni benn yaram, bu ci benn cër di jàmbat mbooleem cër yi dañukoy wuyu ci bañ a nelaw ak si tàng»Buxaari ak Muslim dëppoo na nu ci.

Yónente Yàlla bi -yalna ko Yàlla dolli jàmm ak mucc-neena:«ñiy Yërëme de Aji-Yërëme ji dana leen yërëm, yërëmleen waa Suuf si, ki ci Asamaan yi yërëm leen»Abuu Daawuda soloo nako ak Tirmisiyu ak ñeneen.

## Laaju 15: Lan mooy xeeti jikkoy mbëggeel?

- Bëgg Yàlla mu kawe mi.

Yàlla mu kawe mi neena:

﴿...وَٱلَّذِينَ ءَامَنُوٓاْ أَشَدُّ حُبّٗا لِّلَّهِۗ ... ١٦٥﴾ [البقرة: ١٦٥]

{ñi gëm de Yàlla lan gëna bëgg} [Saaru Baqara 165].

Bëgg Yónente bi yal na ko Yàlla dolli jàmm ak mucc.

Moom wax na ne:«Giñ naa ci ki sama bakkan nekk ci loxoom, kenn ci yéen du gëm ludul ma gënal ko way-juram ak doomam»Buxaarii moo ko soloo.

Bëgg way gëm yi, te bëggal leen yiw ni ki nga ko bëggale sa bopp.

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli jàmm ak mucc-neena:«Kenn ci yéen du gëm; ndare mu bëggal mbokkam li mu bëggal boppam»Buxaarii moo ko soloo.

## Laaju 16: Xamleel lan mooy bélli?

Mooy xar kanam, gu fecciku àndag mbégte ak muuñ ak ñeewant, ak feeñal mbégte ci boo dajee ak nit ñi.

te mooy safaanug fas xarkanam, ci kanami nit ñi ci lépp lu leen di dawloo.

Te ay Hadiis ñëw na si ngëneeli loolu, jële nanu si Abii Zarrin -yal na ko Yàlla dolli ngërëm-, mune: Yónente bi -yal na ko

Yàlla dolli jàmm ak muicc- neena:«Bul xeeb dara ci lu baax, donte dangay daje ak sa mbokk si kanam gu bélli»Muslim moo ko soloo.

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli jàmm ak mucc- neena:«Sag muuñ ci sa kanamu mbokk sarax la»Attirmisii moo ko soloo

## Laaju 17: Lan mooy ag kañaan?

Mooy nga mébet ci keneen mu ñàkk xéewalam, wala nga bañ keneen am xéewal.

Yàlla mu kawe mi neena:

﴿وَمِن شَرِّ حَاسِدٍ إِذَا حَسَدَ﴾ [الفلق: ٥]

{ak ci ayu Aji–Soxor ji saayu soxoree 5} [Saaru Alfalaxi 5].

Jële nañu ci Anas ibn Maalik, -yal na ko Yàlla dollee gërëm-, neena Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli jàmm ak mucc-, neena:«bu leen bañante, te bu leen soxorante, te bu leen dummóoyante, nekk leen -yéen jaami Yàlla yi- ay mbokk»Buxaariu ak muslim ñoo ko soloo.

## Laaju 18: Lan mooy yéjji( saboote)?

Mooy di reetaan sa mbokkum jullit ak di ko xeeb,te loolu daganul.

Yàlla mu kawe mi tere na loolu ci wax ne:

﴿يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوٓاْ إِذَا قِيلَ لَكُمۡ تَفَسَّحُواْ فِي ٱلۡمَجَٰلِسِ فَٱفۡسَحُواْ يَفۡسَحِ ٱللَّهُ لَكُمۡۖ وَإِذَا قِيلَ ٱنشُزُواْ فَٱنشُزُواْ يَرۡفَعِ ٱللَّهُ ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ مِنكُمۡ وَٱلَّذِينَ أُوتُواْ ٱلۡعِلۡمَ دَرَجَٰتٖۚ وَٱللَّهُ بِمَا تَعۡمَلُونَ خَبِيرٞ﴾ [المجادلة: ١١]

{Ée yéen ñi gëm bu benn nit reetaan beneen nit ndax amaana ñooñu gën ña leeni reetaan, bu benn jigéen it di reetaan benn jigéen ndax amaana ñoom ñu gën ña leen di reetaan, bu leen di ayibalante te bu leen di woowante ci ay tur yu leen neexul turu kàccoor yooyi

de lu ñaaw la ginnaaw ngëm ga te ku tuubul ñoom ñooy tooñkat yi 11} [Saaru Al–mujaadala 11].

## Laaju 19: Xamleel lan mooy woyoflu?

Mooy nit ki bañ a gis ne moo gën a kawe nit ñi, du xeeb nit ñi te du bañ dëgg.

Yàlla mu kawe mi neena:

﴿وَعِبَادُ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلَّذِينَ يَمۡشُونَ عَلَى ٱلۡأَرۡضِ هَوۡنٗا ... ۝٦٣﴾ [الفرقان: ٦٣]

{Jaami Yàlla yi dëgg mooy ñiy dox ndànk ci kaw Suuf} [Saaru Alfurxaan 63]

Maanaam: di ay Aji-woyof.

Yónente Yàlla bi -yalna ko Yàlla dolli jàmm ak mucc- neena:«Kenn du woyof-wofof lu lu dul ne Yàlla dina ko yékkati»Muslim moo ko soloo.

Yónente Yàlla bi wax na ni:«Yàlla soloo nama ne nangeen di woyof ba kenn du puukarewu si kaw kenn, te kenn itam du bew ci kaw kénn»Muslim moo ko soloo.

## Laaju 20: Yan mooy xeeti rëy yi nga xamni dafa araam?

1- Rëy ci kaw dëgg, te mooy delloo dëgg bañ koo nangu.

2- Rëy ci kaw nit ñi, te mooy xeeb leen ak doyodal leen.

Yónente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli jàmm ak mucc- neena:«Ku ab peppu rëy nekk ci xolam du dugg Aljana».Benn waay neko: nit kiy bëgg ay Yéereem ak i dàllam rafet nag? mu ne ko:«Yàlla dafa rafet te daa bëgg lu rafet, rëy mooy: bañ dëgg ak xeeb nit ñi»Muslim moo ko soloo.

- Batarul hàq: mooy Bañ dëgg
- Xamtun naasi: mooy xeeb nit ñi.
- Yéere bu rafet ak dàll yu rafet bokkul ci rëy.

### Laaju 21: Tuddal yenn xeeti wuruj yi nga xamne dafa araam?

- Wuruj ci jaay ak jënd, te mooy nëbb ayib ci njaay mi.
- Wuruj si booy jàng xam-xam, te bokk na ca jàngkat bi di wuruj ci nattug njàng mi,( composition yi).
- Wuruj ci ay wax, lu mel ni di seede lu dul dëgg.
- ñàkka matal kollare ci say wax, ak ci li nga dëpoo ak nit ñi.

ñëw na ci tere wuruj ne: Yónente bi dafa rombu benn ndabal ñam, daal di ciy dugal loxoom, baaraam yi daal di tooy, mu wax boroom ñam wi neko: «lii lanla yaw boroom ñam wi?» muneko: taw beeko laal yaw yónente Yàlla bi. Yónente bi neko:«Lu tax defooko si kaw ñam wi ngir nit ñi gis ko? képp kuy wuruj bokkul ci nun»Muslim moo ko soloo.

Subra: mooy ndabul ñam.

### Laaju 22: Lan mooy jëw?

- Mooy nga tudd sa mbokk si lu ko neexul foo xamne nekkufa.

Yàlla mu kawe mi neena:

﴿... وَلَا يَغْتَب بَّعْضُكُم بَعْضًا ۚ أَيُحِبُّ أَحَدُكُمْ أَن يَأْكُلَ لَحْمَ أَخِيهِ مَيْتًا فَكَرِهْتُمُوهُ ۚ وَاتَّقُوا اللَّهَ ۚ إِنَّ اللَّهَ تَوَّابٌ رَّحِيمٌ ﴿١٢﴾﴾ [الحجرات: ١٢]

{Bu ñenn si yéen di jëw ñeneen ñi, mo ndax kenn si yéen bëgg naa lékk yàppu mbokkam mu fekk mu dee, yéen ñéppa bañ loolu, ragal léen Yàlla, Yàlla Aji-Jéggale la Aji-yërëme la} [Saaru Alhujraat 12].

### Laaju 23: Xamleel rambaaj?

Mooy di tuxal ay wax si digante nit ñi ngir yàq séen diganté.

Yónente Yàlla bi neena:«Ab raambaaj du dugg Aljana»Muslim moo ko soloo.

## Laaju 24: Lan mooy tàyyeel?

Mooy nit ki di diis lu ci def yiw ak li mu war a def.

Te bokk na ca: Tàyyeel ci def wartéef yi.

Yàlla mu kawe mi neena:

﴿إِنَّ ٱلۡمُنَٰفِقِينَ يُخَٰدِعُونَ ٱللَّهَ وَهُوَ خَٰدِعُهُمۡ وَإِذَا قَامُوٓاْ إِلَى ٱلصَّلَوٰةِ قَامُواْ كُسَالَىٰ يُرَآءُونَ ٱلنَّاسَ وَلَا يَذۡكُرُونَ ٱللَّهَ إِلَّا قَلِيلٗا ١٤٢﴾ [النساء: ١٤٢]

{Naaféq ya dañuy jéem a wor Yàlla waaye Yàlla dana leen njuuy, te bu ñu jògee jëm ca julli ga, da ñiy jòg cig tàyyeel, da ñiy ngistal ci bëti nit ñi, te du ñu tudd Yàlla lu dul lu néew ci moom} [Saaru Annisaa 142].

Jullit bi warnaa moytu tàyyeel ak giim ak toog rek, te ligéey ak yëngatu ak pastéefu ci dund gi ci lépp luy gërëmloo Yàlla.

## Laaju 25: Tuddal xeeti mer yi?

1-Mer mu ñu gërëm: te mooy mer ngir Yàlla saa yu yéefar ak naaféq yi wala ñeneen xottee wormaam moom Yàlla mu sell mi.

2- Mer mu ñu ŋàññi: te mooy mer miy def nit ki di def aka wax lu jaaduwul.

Liy faj mer muñ ŋàññi:

Jàppu.

Mu toog bu dee dafa taxawoon, waaye mu tëdd bu dee dafa toogoon.

Mu taqoo ak ndenkaandey Yónente bi ci loo lu: «bul mer».

Mu téye boppam ci bañ a jëfandikoo meram.

Muslu ci Yàlla ci Saytaane mi ñu dàq ci yërmandey Yàlla.

Noppi

## Laaju 26: Lan mooy luññutu Ak jëddu?

Mooy wuññi ak gëstu awray nit ñi ak li ñu doon làq.

Bokk na ci ay anamam yu araam:

- Di yër awray nit ñi ci seen kër yi.
- Nit ki di deglu waxi nit yoo xam ne yéguñu ko.

Yàlla mu kawe mi neena:

﴿... وَلَا تَجَسَّسُوا ...﴾ [الحجرات: ١٢]

{Buleen di yëddóonte...} [Saaru Alhujraat 12].

## Laaju 27: Lan mooy yàq? ak lan mooy nay? ak lan mooy tabe?

Nay mooy: sànk alal ci lu dul dëgg,

Safaanam mooy: nay: te mooy baña def alal fiñuko wara def.

Li wér nag mooy digg-dóomu séen digante, jullit bi nekk ku tabe.

Yàlla mu kawe mi neena:

﴿وَالَّذِينَ إِذَا أَنفَقُوا لَمْ يُسْرِفُوا وَلَمْ يَقْتُرُوا وَكَانَ بَيْنَ ذَٰلِكَ قَوَامًا ﴿٦٧﴾﴾ [الفرقان: ٦٧]

{Ak ñi nga xam ne bu ñuy joxe du ñu yàq te du ñu nay, dañuy digg-doomu} [Saaru Alfurxaan 67].

## Laaju 28: Lan mooy buqat? ak lan mooy njàmbaar?

Buqat mooy: di ragal lu jarula ragal.

Ni ki di ragala wax dëgg ak weddi lu ñaaw.

Njàmbaar: mooy dëgmal dëgg, lu ci mel ne dëgmal barabu jihaad yi ngir aar Lislaam ak jullit yi.

Yónente bi daa na wax ci ñaanam yi:«Yaw Yàlla maa ngi lay muslu buqat...»

Yónente Yàlla bi yàlna ko Yàlla dolli jàmm ak mucc neena:«Jullit bu am kàttan moom la Yàlla gën a bëgg ci jullit bu lompañ, waaye ñoom ñéppa am yiw»Muslim moo ko soloo.

## Laaju 29: Tuddal yenn xeeti wax yu araam yi?

- Lu mel ni rëbbaate ak saaga.
- ak lu mel ni di wax naan diw "rab la" walla ay baat yu ni mel.

-Wala tudd ay awra ci ay kàddu yu ñaaw te bon.

- Yónente bi tere na yooyu yépp, daal di wax ne:«Nekkul jullit Aji-Jamaate ji du caagine Aji-Rëbbaate ji, wala Aji-Def ñaawtéef, wala Aji-ñaaw lammiñ ji»Tirmisiyu ak Ibn Hibbaan ñooko soloo.

## Laaju 30: Tuddal sabab yiy dimbali jullit bi ci jikko woo ay jikko yu rafet?

1- Di ñaan Yàlla mu wërsëgal la rafet jiko, te dimbali la ci.

2- Di fuglu Yàlla mu màgg mi te kawe, ci ne xam na say mbir, te moo ngi lay dégg  di la gis.

3- Di fàttaliku yoolub rafet jiko ci ne day waral dugg Aljana.

4- Di fàttaliku mujjug ñaaw jiko ci ne day waral dugg Sawara.

5- Rafet jiko day waral mbëggéelug Yàlla ak mbëggéelug mbindeef yi, ñaaw jiko day waral mbañeelug Yàlla ak mbañeelug mbindeef yi.

6- Jàng jaar-jaaru Yónente bi -yàlna ko Yàlla dolli mucc ak jàmm- ak di roy si moom.

7- Di àndag ñu baax ñi tay moytu ñu bon ñi.

*******

## Xaaju ñaan yi ak tudd Yàlla yi.

### Laaju 1: Lan mooy ngëneelul tudd Yàlla?

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli jàmm ak mucc-neena:«misaalum kiy tudd Yàlla ak ki dul tudd Yàlla, mi ngi mel ni kuy dund ak ku dee»Buxaarii moo ko soloo.

- Ndax dayob dundug nit ki mi ngi ci kem ni miy tudde Yàlla mu kawe mi.

### Laaju 2: - Tuddal yenni ci njariñi Tudd Yàlla?

1- Day gërëmloo Aji-yërëme ji.

2- Day dàq Saytaane.

3- Day aar jullit bi ci ay.

4- Te da ciy ame ag pay ak ub yool.

### Laaju 3: Lan mooy Tudd Yàlla gi gën?

«Laa ilaaha illal Laahu»Tirmisiyu ak Ibn Maaja ñooko soloo.

### Laaju 4: Lan ngay wax soo yewwoo ciy nelaw?

- «Alhamdu lil-Laahil lazii ahyaanaa bahda maa amaatanaa wa ilayhin nusuuru»Buxaari ak Muslim dëppoo na nu ci.

### Laaju 5: Lan ngay wax booy sol sa yéere?

- «Alhamdu lil-Laahil lasii kasaanii haazas sawba wa razaxaniihi min xayri hawlin minnii walaa xuwwata»abuu daawuuda ak Tirmisiyu soloo na ñu ko ak ñeneen.

### Laaju 6: Lan ngay wax booy summi sa yére?

«Bismil Laahi»Attirmisii moo ko soloo.

### Laaju 8: Lan mooy ñaanug sol yére bu bees?

«Allaahumma lakal hamdu anta kasawtaniihi, as-aluka xayrahu wa xayra maa sanahta lahu, wa ahuuzu bika min sarrihii wa sarri maa sanahta lahuu»Abuu Daawuda soloo nako ak Tirmisiyu ak ñeneen.

### Laaju 8: Lan moom ñaanug ku sol yére bu bees?

Boo gisee ken sol yeér bu bees danga koy ñanal, lii:«Tub lii wa yuxlifillaahu tahaalaa» (Yal na nga ko ràppal te Yàlla wuutalal lako)abuu daawuuda moo ko soloo.

### Laaju 9: Tuddal ñaanug dugg si wanag, te mooy barabu fajukaayu aajo?

«Allaahumma innii ahuuzu bi ka minal xubusi wal xabaa isi»Buxaari ak Muslim dëppoo na ñu ci.

### Laaju 10: Lan mooy ñaanug génn si wanag?

«Xufraanaka»Abuu Daawuda soloo nako ak Tirmisiyu ak ñeneen.

### Laaju 11: Lan ngay wax bala nga jàppu?

«Bismil Laahi»abuu daawuda soloo na ko ak ñeneen.

### Laaju 12: Lan lees di ñaan ginnaw njàpp?

«Ashadu an laa ilaaha illallaah wahdahuu laa sariika lahuu, wa ashadu anna Muhammadan habduhu wa rasuuluhu»Muslim moo ko soloo.

### Laaju 13: Lan mooy ñaanug génn ci kër?

«Bismillaahi, tawakkaltu halal Laahi, wa laa hawla wa laa xuwwata illaa billaahi»Abuu Daawuda soloo nako ak Tirmisiyu ak ñeneen.

### Laaju 14: Lan mooy ñaanug dugg ci kër?

«"Bismillaahi walajnaa, wa bismillaahi xarajnaa, wa halaa Rabbinaa tawakkalnaa", topp mu nuyu waa kër gi»abuu daawuuda moo ko soloo.

### Laaju 15: Lan mooy ñaanug génn ci jàkka?

«Allaahumma iftah lii abwaaba rahmatika» Muslim mooko soloo.

### Laaju 16: "Tuddal ñaanu génn ci jàkka?

«Allaahumma innii as aluka min fadlika» Muslim mooko soloo.

### Laaju 17: Lan ngay wax boo déggee nodd?

- Damay wax li nodd-kat bi di wax, ba mu des ci: "hayya halas salaati" ak "hayya halal falaahi" dama fay wax: «laa hawla wa laa xuwwata illaa bil-Laahi»Buxaari ak Muslim dëppoo na ñu ci.

### Laaju 18: Lan ngay wax ginnaaw nodd gi?

- (Dangay julli ci Yónente bi -yalna ko Yàlla dolli jàmm ak mucc-)Muslim moo ko soloo.

Te nga wax: «Allaahumma Rabba haazihid dahwatit tàmmati, wassalaatil xaa imati, aati Muhammadan Alwasiilata walfadiilata, wabhashu maxaaman mahmuudan allazii wahadtahu»Albuxaarii.

Nga ñaan ci diggante nodd gi ak lixaam gi, ndax ñaan fa kenn du ko delloo.

### Laaju 19: Yan ñaan ngay wax ci Suba si ak ci ngoone si?

1- Jangàl Aayatul kursiyyi:

﴿ٱللَّهُ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ ٱلۡحَيُّ ٱلۡقَيُّومُۚ لَا تَأۡخُذُهُۥ سِنَةٞ وَلَا نَوۡمٞۚ لَّهُۥ مَا فِي ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَمَا فِي ٱلۡأَرۡضِۗ مَن ذَا ٱلَّذِي يَشۡفَعُ عِندَهُۥٓ إِلَّا بِإِذۡنِهِۦۚ يَعۡلَمُ مَا بَيۡنَ أَيۡدِيهِمۡ وَمَا خَلۡفَهُمۡۖ وَلَا يُحِيطُونَ بِشَيۡءٖ مِّنۡ عِلۡمِهِۦٓ إِلَّا بِمَا شَآءَۚ وَسِعَ كُرۡسِيُّهُ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضَۖ وَلَا يَـُٔودُهُۥ حِفۡظُهُمَاۚ وَهُوَ ٱلۡعَلِيُّ ٱلۡعَظِيمُ ٢٥٥﴾ [البقرة: ٢٥٥]

{Allaahu laa ilaaha illa Huwal Hayyul xayyuumu laa taaxusuhuu sinatun walaa nawmun lahu maafis Samaawaati wa maa fil ardi man zal lazii yasfahu hinda huu illaa bi iznihii yahlamu maa bayna aydiihim wa maa xalfahum wa laa yuhiituuna bi say-in min hilmihii illaa bimaa saa-a wasiha kursiyyuhus Samaawaaati wal-ardi wa laa

ya-uuduhuu hifsuhumaa wahuwal Haliyyul Hasiimu} [Saaru Bàqara 255].

2- Te nga jàng: bismillaahir Rahmaanir Rahiimi

﴿قُلْ هُوَ ٱللَّهُ أَحَدٌ ۝١ ٱللَّهُ ٱلصَّمَدُ ۝٢ لَمْ يَلِدْ وَلَمْ يُولَدْ ۝٣ وَلَمْ يَكُن لَّهُۥ كُفُوًا أَحَدٌۢ ۝٤﴾

[الإخلاص: ١-٤]

{xul huwal Laahu ahadun* Allahus Samadu* Lam yalid wa lam yuulad* Wa lam yakun lahuu kufuwan ahadun}

ñatti yoon.

Bismillahir Rahmaanir Rahiimi

﴿قُلْ أَعُوذُ بِرَبِّ ٱلْفَلَقِ ۝١ مِن شَرِّ مَا خَلَقَ ۝٢ وَمِن شَرِّ غَاسِقٍ إِذَا وَقَبَ ۝٣ وَمِن شَرِّ ٱلنَّفَّٰثَٰتِ فِى ٱلْعُقَدِ ۝٤ وَمِن شَرِّ حَاسِدٍ إِذَا حَسَدَ ۝٥﴾ [الفلق: ١-٥]

{xul ahuusu birabbil falaxi* min sarri maa xalaxa* wa min sarri xaasiqin izaa waxaba* wa min sarrin naffaasaati filhuxadi* wa min sarri haasidin izaa hasada}

ñatti yoon.

Bismillahir Rahmaanir Rahiimi

﴿قُلْ أَعُوذُ بِرَبِّ ٱلنَّاسِ ۝١ مَلِكِ ٱلنَّاسِ ۝٢ إِلَٰهِ ٱلنَّاسِ ۝٣ مِن شَرِّ ٱلْوَسْوَاسِ ٱلْخَنَّاسِ ۝٤ ٱلَّذِى يُوَسْوِسُ فِى صُدُورِ ٱلنَّاسِ ۝٥ مِنَ ٱلْجِنَّةِ وَٱلنَّاسِ ۝٦﴾ [الناس: ١-٦]

{xul ahuuzu birabbin naasi* malikin naasi* ilaahin naasi* min sarril waswaasil xannasi* allazii yuwaswisu fii suduurin naasi* minal jinnati wannaasi}

ñatti yoon.

«Allaahumma Anta Rabbii laa ilaaha illaa Anta, xalaqtanii wa anaa habduka, wa anaa halaa hahdika wa wahdika maastatahtu, ahuuzu bika min sarri maa sanahtu, abuu-u laka bi nihmatika

halayya, wa abuu-u bi zanbii, faxfir lii, fa-innahu laa yaxfirus sunuuba illaa Anta»Buxaariyu moo ko solo.

## Laaju 20: Lan ngay wax booy nelaw?

- «Bismikal Laahumma amuutu wa ahyaa»Buxaari ak Muslim dëppoo na nu ci.

## Laaju 21: Lan ngay wax ba la ngay lekk aw ñam?

«Bismillaahi».

Booko fàttee sa tàmbali ga, nanga wax:

«Bismillaahi fii awwalihii wa aaxiri hii»Abuu Daawuda soloo nako ak Tirmisiyu ak ñeneen.

## Laaju 22: Lan ngay wax soo lekkee ba noppi?

-«Alhamdu lillaahil lazii athamanii haazaa wa razaxaniihi min xayri hawlin minnii wa laa xuwwata»Abuu Daawuda ak Ibn Maaja ñooko soloo ak ñeneen.

## Laaju 23: Lan mooy ñaan gi ag gan di ñaanal boroom ñam wi?

- «Allaahumma baarik lahum fii maa razaqtahum, waxfir lahum warhamhum»Muslim moo ko soloo.

## Laaju 24: Lu nit kiy wax bu tissoolee?

- «Alhamdu lillaahi».

Te na ko mbokkam mi wax wala àndandoo am: «yarhamukal Laahu».

Bu ka ko waxee, na wax: «yahdiikumul Laahu wa yuslihu baalakum»Buxaariyu moo ko soloo.

## Laaju 25: Lan ngay wax booy jògg cib jotaay "ñaanug njéggalu bàkkari jotaay yi"?

«Subhaanakal Laahumma wa bi hamdi ka, ashadu an laa-ilaaha illaa Anta, astaxfiru ka wa atuubu ilay ka»Abuu daawuda ak Attirmisiy soloo nan ko ak ñeneen.

## Laaju 26: Lan mooy ñaanug war ci waruwaay ?

Bismillaahi, walhamdu lil-Laahi {Subhaanal lazii sàqara lanaa haasaa wa maa kunnaa lahu muqririina 13 wa innaa ilaa Rabbinaa la munxalibuuna 14}, «Alhamdu lillaahi, alhamdu lillaahi, alhamdu lillaahi, Allaahu akbaru, Allaahu akbaru, Allaahu akbaru, subhaanakal Laahumma innii salamtu nafsii faxfirlii, fa-innahu laa yaxfiruz zunuuba illaa Anta»Abuu Daawuda soloo nako ak Tirmisiyu ak ñeneen.

## Laaju 27: Tuddal ñaanu tukki?

- «Allaahu akbaru, Allaahu akbaru, Allaahu akbaru {Subhaanallasii saqara lanaa haazaa wa maa kunnaa lahuu muqriniina 13 wa innaa ilaa Rabbinaa la munxalibuuna 14}, Allahumma innaa nas-aluka fii safarinaa haasaa al birra wattaqwaa wa minal hamali maa tardaa, Allaahumma hawwin halaynaa safaranaa haazaa, watwi hanaa buhdahu, Allaahumma Antas saahibu fissafari, wal Xaliifatu fil-ahli, Allaahumma, inni ahuusu bika min wahsaa-is safari, wa ka-aabatil mansari, wa suu-il minxalabi, filmaali wal-ahli».

Bu waññikoo waxaat leen, te teg ca:

«Aayibuuna, taa ibuuna, haabiduuna, li Rabbinaa haamiduuna»Muslim moo ko soloo.

## Laaju 28: Lan la Aji-tukki ji di ñaanal Aji-des ji?

- «Astawdihukumul Laahul lasii laa tadiihu wadaa-ihuhu»Ahmat ak Ibn Maaja ñooko soloo.

## Laaju 29: Lan la Aji-des ji di ñaanal Aji-tukki ji?

- «Astawdihul Laahu diinaka, wa amaanataka, wa xawaatiima hamalika»Ahmat ak Attirmisiyu ñoo ko soloo.

## Laaju 30: Lan mooy ñaanug dugg ca Jaba( marche)?

- «Laa-ilaaha ilallaahu wahdahuu laa sariika lahuu, lahul mulku wa lahul hamdu, yuhyii wa yumiitu, wa huwa hayyun laa

yamuutu, bi yaddihil xayru, wa huwa halaa kulli say-in xadiirun»Tirmisiyu ak Ibn Maaja ñooko soloo.

### Laaju 31: Tuddal ñaan gi nit ki di ñaan su meree?

